Зи Іэщ1агъэм хуэ1эижъхэр

2-нэ нап.

Гугъуехьрэ гуапагъэк1э псыхьа

2-нэ нап.

Нартсанэ - Къэбэрдей шыпх

3-нэ нап.

Шэрхъ зыщ1эт хьэщ1эщ

4-нэ нап.

ФИФ1 ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОК1

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№37 (24.631) ● 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 2, бэрэжьей Тхьэмахуэм щэ къыдок1 И уасэр зы тумэнщ

Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьахэр

4-нэ нап.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апI эм къыззэриТамк1э

Шынагъуэншагъэм хуэбэлэрыгъыркъым

КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Казбек иригъэк1уэк1ащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Терроризмэм пэщ1эты-нымк1э и комиссэм хэтхэм я зэ1ущ1э.

Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ л1ыкIуэу КИФЩ1-м щы1эм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Васильченкэ Дмитрий**, Правительствэм хэтхэр, хабзэхъуэмэ I энат1эм и лэжьак1уэхэр, нэгъуэщ1хэри.

Къулыкъущ1эхэр хэплъащ ц1ыху куэд щы1эхьхэ щы1эхэм, I эхутхьабзэ щы1уащ1э I энат1эхэм, транспортым, зэхуэсыпI э зэмыл1эужьыгъуэхэм шынагъуэншагъэр къыщы1эгъэпэщыным нэхъ щ1эгъэхъуэбжьауэ к1элъыплъым зэрыхуейм.

Къ Бр-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я газет газета Парламента и Правительства КБР

Зы илъэск1э нэхъ пасэу

«Аргудан - Александровскэ щ1ыналъэ гъуэгум и километр 16,5-м лэжьыгъэр щ1эгъэхуэбжьауэ щок1уэк1.

А ГЪУЭГУ Iыхьэр Урысейм зэпымыуэ машинэхэм къыщажьхьыырын папщ1э I эмалхэр къыщы1эзрагъэпэщ сетым хагъэхьащ ик1и Аруан, Лэскэн, Тарч щы1налъэхэр зэпещ1э.

Гъуэгуурыуэхэм зэрыжа I эмк1э, лэжьыгъэр мы гъэм яухынущ, нэгъуэщ1у жыпI эмэ, зы илъэск1э нэхъ пасэу», - щетх КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Казбек и телеграм-каналым.

Уэрамищыр зэуэ зэрагъэпэщыж

Мы махуэхэм К1уэк1уэ Казбек къыззэрик1уэхьащ Налшык къалэ щек1уэк1 ухуэныгъэхэр. Республикэ Унафэщ1ым зригъэлъэгъуащ Балъкъэр, Осетин, Е1луанэ Тамань дивизэ уэрамхэм тралъхьэ гъуэгухэр. Ахэр УФ-м и Президент Путин Владимир къыхил1ьхьа «Гъэзугф1 шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым хыхьэу зрагъэпэщ1ыжу араща.

ИДЖЫПСТУ гъуэгуурыуэхэм асфальтыжьыр трах, гъуэгубгъум I ут1ь бетонхэр I уах. Дя1эк1э гъуэгущ1э тралъхьэнущ, лъэс лъагъуэхэр я щ1ынущ, машинэ гъэувыпI эхэр къыхагъэкIынущ, а псом нэмыщ1и удзыпц1э щы1ПIэхэр и1энущ.

Уэрамищми "Уафэ къабзэ" программэм ипкъ итк1э, к1апсэу ирик1уэр щы щ1агъым яхьащ.

Е1луанэ Тамань дивизэ уэрамыр Налшыкыпсым бгъуэгу йох, Владикавказ л1ыныкъуэмк1э къалэм ущыдешу. Ар сытым дежи машинэ I ув зытет гъуэгущ, абы къыхэк1ыу зэблэк1ыпI эу пIлы и1энущ.

Осетин уэрамри я щ1ыщ1ащ нэхъыбэ щы1этрихьэ щы1ПIэхэм, ари нэхъ бгъуэ я щ1ыну я мурадщ. Мы I уэху псори бжьыхьэ дызыхуэк1уэм зэфIагъэк1ыну я гугъэщ гъуэгум елэжьхэм.

Уэрамищыр зэуэ зэрагъэпэщыж

Гъатхэ махуэ гъэ егъашхэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ иджыблагъэ иригъэк1уэк1а зи чэзу зэ1ущ1эм «Правительствэм хухах сихьэтым» хьыхьэу, щытепсэлъыхьащ республикэм и губгъуэхэр гъатхэ лэжьыгъэм зэрыхуагъэхьэзырым.

ЗЭ1УЩ1ЭМ и пэм депутатхэр дакъик1ыкъэ I ях уэщыгъуащ Москва областым щы1э «Крокус Сити Холл» концерт гъэлъэгъуапI эм щ1эпхъаджащ1эхэр теуэу абы щы1эк1уэдахэм.

КъаI эта I уэхум теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м мэкъумэш I энат1эмк1э и министр **Сыжажэ Хьэсэн**. Ар к1эщ1у къытеувыI ащ 2023 гъэм я лэжьыгъэм кърик1уам. Министрым къыхигъэщащ щ1ыналъэм и мэкъумэш I энат1эм къилэжьаф процентш 110,1-рэ зэрыхъуар, абы щ1ыщ1у къэк1ыгъэхэм процент 59-рэ я1ыгъщ, гъавэу I уахыжамк1и 2023 гъэр адрей илъэсхэм я офIэк1.

Сыжажэм жи1ащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр 2024 гъэм ыхуэй хуэзэу къыззрагъэпэщ1ын папщ1э, КъБР-м Мэкъумэш I энат1эмк1э и министерствэм къызрызэрегъэпэщ1ар муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ мэкъумэшымк1э я I энат1эхэмрэ АПК-м епха федеральнэ I уэхущ1апI эхэм я щ1ыналъэ къудамэхэмрэ я л1ыкIуэхэр ыхэт оперативнэ штаб.

Мы зэманым ирихьэл1эу, щы гектар мин 44,7-м щ1ыгъэпэ эрыр халъхьащ, ар хьэсэхэм я процент 68-рэ мэхъу. Иджыпсту Май, Прохладнэ, Тэрч щ1ыналъэхэм жыл эхэр щытрасэ. Псори зэхэту гъатхасэм къызэщ1рагъэубыдэнущ щы гектар мин 211,4-рэ. Министрым зэрыжи-I амк1э, жыл эхэр ирик1уу (тонн мини 5,5-рэ) я1эщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нартыху, к1эрт1оф жыл эхэмк1э езым зыкъыз1эрегъэпэщыж. Щ1ыналъэм нартыху жыл эу тонн мин 15-м нэблагъэ къыщ1егъэк1ыф, абы щыгъуэм трисэну зыхуеинур тонн мини 3,3-рщ. К1эрт1оф жыл эу зыхуейр тонн мини2-м щ1егъу. Адрей мэкъумэш къэк1ыгъэхэмрэ хадэхэк1эмк1и республикэр къызэгъэпэщащ.

Сыжажэ Хьэсэн щхьэхуэу тепсэлъыхьащ щ1ыналъэр щыгъэпшэрэмк1э къызэрызэгъэпэщам. Мы зэманым апхуэдэу къащ1ахуащ тонн мин 20,2-рэ.

КъБР-м и Правительствэм и унафэк1э, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш щ1эхэм щ1ыгъэпшэрыр къ1эрызыгъэхьэну I эхуущ1апI эу 8 ягъэбелджылащ. «2023 гъэм республикэм и I эхьэсхэм щ1ыгъэпшэру халъхьам и бжыгъэр хуэдит1к1э щы-нэхьыбэщ. Урысейм адрей и щ1ыналъэхэм ику иту къыщ1агъэльэгъуам нэхъри, ик1и етхуанэ увыпI эр иубыдащ», - къыхигъэщащ къэпсэльъам.

Сыжажэм дыщ1игъуащ губгъуэм къыщагъэсэбэп мэкъумэш техникэхэмк1э тэмэму къызэрызэгъэпэщ1ари (2024 гъэр къызэрихьэрэ апхуэдэу 51-рэ къащ1ахуащ).

Республикэм псыщ1эгъэльадэ I уэхуми щы1ащ1э. Мы гъэм псы зыщ1агъэльадэну щы Iыхьэу гектар мини 2,3-рэ I эмэпсымэхэмк1э къызэрагъэпэщащ.

Къэралыр къазэрыдэIэпыкъум и гугъу щищ1ым, Сыжажэм жи1ащ УФ-м Мэкъумэш I энат1эмк1э и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэгурыуэныгъэу 9 зэрызэращ1ыI ар, сом меларди 3-м тещ1ыхьауэ.

- 2024 гъэм дыщогугъ республикэм мэш бэв къытхуихьыну, I эщ гъэхъунымк1и ехъулI эныгъэфIэхэр диI эну, - жи1ащ Сыжажэм.

Егоровэ Татьянэ щ1эупщ1ащ псы зыщ1агъэльадэ щы Iыхьэхэр зыхуэдизым, уэ къыщ1ех пIалъэм республикэр зэрызухьэзырым, къыщ1агъэк1ыр нэгъуэщ1 щ1ыналъэхэм зэрырагъашэм, ди лъахэм езым и жыл эу къигъэсэбэпым. Иужьрейм теухуауэ министрым жи1ащ хасэм и процент 85-р зэрыапхуэдэр. Псы щ1эгъэльадэнымк1э зегъэужьыным республикэм гупыгъэшхуэ хуещ1 - гъэ къэс щы гектар минитхум къыщыщ1эдзауэ мини 10-м нэсым ар лъагъэIэс. Урысей Федерацэ псом Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэщ зы щ1ым мэшыр т1эу къыщытрахыр: бжьыхьэсэр Iуахыжа нэужь, щ1ыналъэм и районищым мэкъумэш щ1эрыщ1эу гъавэр щытрасэж.

Уэм зэрыпэщ1эт I эмалхэм щ1ытепсэлъыхьым Сыжажэм къыхигъэщащ иужьрей илъэситхум ар зэрызэбграху I эмэпсымэхэр щы IпIитхум зэрыщагъэувар, абыхэм щы гектар мин 481-м щ1игъу зэрахъумэр. 2024 - 2025 гъэхэм иджыри щы-пIитIым апхуэдэхэр щагъэувыну я мурадщ.

Министрым жи1ащ республикэм нэгъабэ къыщ1игъэк1ауэ, доллар мелуан 24-рэ зи уасэ зэрырашар. Абы хохьэ гъавэмрэ гъэшхэк1эмрэ, лы, мы1эрысэ, I эфIы к1эхэр, нэгъуэщ1хэри.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и жыг хадэхэм яубыд щ1ыр зыхуэдизым, техникэхэр жьы зэрыхъуам, мэкъумэш I энат1эм епха I эщ1агъэл1эр зэраримыкъум, мэрак1уащхъуэ (голубикэ) зэрагъэк1ым, нэгъуэщ1хэми.

КъБР-м и Парламентым Мэкъумэш I уэхухэмк1э щ1ыуэпсыр къэгъэсэбэпынымк1э, экологиемрэ дыкъзэыухъуреихь дунейр хъумэнымк1э и комитетым и унафэщ1 Текiуашэ Артур жи1ащ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэрызрагъэхъул I эм куэдк1э елъытауэ зэрыщ1ытынур щ1ым къытрахыжьыным и фIагъри. Абы къыхигъащ1ащ зи унафэщ1 комитетыр КъБР-м Мэкъумэш I энат1эмк1э и министерствэм жьыдэру зэрыдэлажьэр, мэкъумэшыщ1эхэм хэтхэми я I уэху бгъэдыхьэк1эм арэзы ук1ыэзрищ1ыр.

Егоровэ Татьянэ дыщ1игъуащ щ1ыналъэм хуабащхэри иджырей мардэм тету къызэрыщ1эзрагъэпэщ1ар, абыхэм я I уэхур мы зэманым здынэсам зыщагъэгъуэзэну депутатхэр к1уэну зэрамурадыр.

Зэ1ущ1эм и к1эм зэлэжьыпхъэхэр ягъэбелджылащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апI э.

Я унэ исыж хуэдэу

Иджыблагъэ Белгород областым къик1ыу ди республикэм зыгъэпсэхуак1уэ къаша ц1ык1ухэм я гъусэ егъэджак1уэхэм «Лэгъупыкъу» сабий центрым щ1ахуэзащ КъБР-м и Iэтащхьэ К1уэк1уэ Казбек.

Хьэщ1апI э къэк1уа ныбжьыщ1и 145-р социальнэ I уэхущ1апI эхэм щ1ап I сабийхэщ.

«Хэгъэгум и губернатор Гладков Владимир сэрэ дыззрызэгурыIуам тету ц1ык1уэхэр хуеиху ди деж щы1энущ, загъэпсэхуу, ди щ1ыпI э дахэхэр зрагъэльагъуу. Сабий центрым и унафэщ1ымрэ ныбжьыщ1эхэр къззышахэмрэ сепсэльащ ахэр тыншу щы1эн папщ1э зыхуеину псомк1и къызэрагъэпэщ1ыну. Хьэщ1эхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщ1ашэк1ынущ, спорт, щэнхабзэ I уэхугъуэхэм хэтынущ, ди щ1алэгъуалэм яхуэзэнущ.

Къэк1уа сабийхэри балигъэхэри дыдей дыдэм хуэдэщ. Ахэр я унэ исыж хуэдэу къащ1ыкъэ щхьэк1э, тхуэзфIэк1 псори яхуэтщ1энущ ик1и гукъинэжу, нэгуэшужьу щыдгъэIэнущ», - щетх К1уэк1уэ Казбек и телеграм-каналым.

Ди къуэш республикэхэм

Щ1эгъэкъуэныш хуэ хъуну поплъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ УФ-м Федерацэмк1э и Советым и Унафэщ1ым и я1пэ къуэдзэ Яцкин Андрейрэ лэжьыгъэ I уэхук1э зэхуэзащ. Ахэр хэплъэжащ Советым и комитетхэмрэ федеральнэ министерствэхэм КъШР-м и щ1ыналъэм щ1а I энат1эхэмрэ республикэм щрагъэк1уэк1ам.**

Къулыкъущ1эхэм и гугъу я щ1ащ Къэрэшей-Шэрджэсым мыхьэнэшхуэ зи1э инвестицэ проектхэр щы1пхыгъэк1ыным, апхуэдэуи щы-налъэм щым елэжьыным пыщ1а I уэхум зыщегъэуэжьыным егъэщ1ылI а I уэхуэхэм.

Темрезов Рашид фIыщ1э ищ1ащ, Къэрэшей-Шэрджэсри яхэту, щы-налъэхэм я нэ1э къазэрытрагъэтым папщ1э. Апхуэдэу жи1ащ Яцкин Андрей къызэрык1уар республикэм социально-экономикэ и лъэныкъуэк1э зегъэужьынымк1э щ1эгъэкъуэныш-хуэ зэрыхъунур и фIэщ зэрыхъур.

Щ1ыпI э телъыджэм хуосакъ

АДЫГЕЙ. **УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмк1э и министр Решетников Максим республикэм къэк1уащ. Абы псом я1пэ къыпI ьыхьащ «Лагъуэнакъэ» гъыпIэ щ1ыгъэ-лыжэ экокурорт щауху щыпI эр.**

Республикэм и Iэтащхьэ К1ымпIыл Муратрэ министрымрэ тепсэлъыхьащ щ1ыналъэм и дежк1э мыхьэнэ ин зи1э а проектыр зрагъэзэщ1эну щы1к1эм. Решетников Максим жи1ащ курортым зрагъэужьынымк1э I эмал псори зэрыщ1ыIэр.

- Республикэм и турист I энат1эм жыдэжру зеужь ик1и абы куэдк1э хы-болъагъуэ ищхьэк1э къыщащтэ унафэхэр щ1ыналъэм зэрыщагъэзэащ1эр. Абыхэм я I эужьщ Лагъуэнакъэ тафэ хэ1этык1ар, абдеж къыщ1эзрагъэпэщ1 бгы лыжэ курортыр. Туризмэр Адыгеим и зыужьыныгъэм и зы хэк1ыпI эщ, - жи1ащ Решетников Максим.

АР-м и Iэтащхьэм жи1ащ «Лагъуэнакъэ» курортыр щауху к1ыуэпсым зэран хуэмыхъуным, щ1ыналъэм и щ1ыпI э тельъыджэхэр хъумэным хуабжьу зэрыхуэсакъыр. Адыгеим и I эщ хьэщ1эхэр дэзыхьэхын куэд, араща мыбы зыпI ытхьахьак1уэ к1ак1уэхэм я бжыгъэм щ1ыхьэхъуэр.

Ц1э лъапI эхэр хуагъэфащэ

АБХЪАЗ. **Президент Бжание Асланэ «Абхъаз Республикэм щ1ыхь зи1э и артист» ц1э лъапI эр афIыщ1ащ Искандер Ф. А. и щ1эр зезыхьэ Урыс къэрал драмтеатрым и актёр, щэнхабзэм и лэжьак1уэ пэрытхэм.**

Илъэс куэд хъуауэ зэрылажьэм ик1и къагъэлъагъуэ I эзагъэм папщ1э ц1э лъапI эхэр хуагъэфащ1ащ Абухьбэ Уэсмэн, Депелян Рубен, Спафопулэ Серафимэ, Шишкин Кирилл сымэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Налшык телечэщанэр щхъуэк1эпI ъыk1эу къэблэнущ

Мэлыжьыхьым и 2-м, Урысеймрэ Белоруссиемрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуауэ, РТРС-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и РТПЦ» къудамэм игъэблэнущ Налшык къалэм дэт телечэщанэр.

Абы къытридзэнущ Белоруссиемрэ Урысеймрэ я ныпхэмрэ «Мэлыжьыхьым и 2-р Урысеймрэ Белоруссиемрэ я лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ» псалъащхьэмрэ.

Ар къэблэнущ сыхьэт 19-м щы щ1ыщ1эдзауэ 24-рэ хъуху.

I уэхум хэтщ Братск, Брянск, Великий Новгород, Грознэ, Къзэан, Калининград, Калугэ, Кострома, Кызыл, Мейкъуапэ, Нэрэн, Новгород Ищхьэрэ, Омск, Пензэ, Дон Iус Ростов, Саратов, Самарэ, Саранск, Симферополь, Сочэ, Тамбов, Тверь, Тулэ, Улан-Удэ, Челябинск, Черкесск, Якутск, Ярославль къалэхэм дэт телечэщанэхэр.

Мы махуэшхуэр 1996 гъэм мэлыжьыхьым и 2-м щ1ыщ1эдзауэ я гъэлъапIэ. Абы щыгъуэщ Белоруссиемрэ Урысеймрэ я Зэгухэныгъэм I э щытрадзар. Илъэс дэк1ри, Союз къэралыгъуэ къызэрагъэпэщауэ щытащ.

Зэгухьэныгъэм щыхоплъэж

Республикэм и щыхьэрым щекIуэкIащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзэда къаурхэмрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пленум.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ фIэхьус псалъэкIэ заухигъэщащ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа**.

Iэщущ Iэкрихьэлаxэр едэIуащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзэда къаурхэмрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм 2023 гъэм и лэжьыгъэм кърикIуэхэм, дызэрыт илъэсым къапэщыт къалэнхэм. Апхуэдэуи къытеувыIащ «ПэщIдзэ ветеран Iэхъущlапlэ нэхъыфI», «Сыт щыгъуи лажьэ ветеран комиссэ нэхъыфI» зэпеуэм кърикIуэхэр зэхэлъхьэжьыным.

БАХЪСЭН Ланэ.

Зи IэщIагъэм хуэIэижьхэр

Урысей МВД-м хьыхь плъыр частхэр къыщыззрагъэпэща махуэщ гъатхэпэм и 28-р. Абы теуха зэIуущIэ гуапэ щекIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м.

КЪЭРАЛ кIуэцI Iэхъухэм-кIэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав ведомствэм и плъыр частхэм я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ я маухуэмкIэ екъуэхъуащ.

- ИпэжьпIэкIэ плъыр частым къыщыщIедзэ Iэнатlэм и лэжьыгъэм икIи зэрыщыту полицыр Iыхуэхэм хуэIэ бгъэдыхьэкIэр, а Iэнатlэм къулыкъу щызыщIэжам я лэжьыгъэ зэгъэуIуам куэдкIэ ельытащ министерствэм и зэрфIэкIри. Сыт хуэдэ сэхъуэкъащIэри зэхэгъэкIыным псынщIэу яужь зэрихьэм, и чэзум унафэхэр къызэращIтэм къыхэкIыу плъыр частым и лэжьакIуэхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI хабзэр гъэбыдэным.

Фи Iэщlагъэм фызэрыхуэIэижьым, зэгъэуIуауэ фызэрылажьэм Iэмал къет къыфпщыпль къалэнхэр, абыхэм ящыщу жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъужьным ехъэлIэжэр зэфIэхыным, - кIыхьгъэщащ генералым.

Iэнатlэм и лэжьакIуэхэу зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкIхэм, зи кулыкъум ехъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьажэм ираташ КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь, фIыщIэ тхьилъхэр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

1924 «Адыгэ псалъэ» 2024

ЩIыхьт икIи гъэунэхупIэшхуэт

Жылагъуэ гъащIэм и гъуджэу илъэсищ гъуэгуанэ къызэпызыча адыгэ газетым и тхыдэр лъэхъэнэ куэду гуэшауэ кьрихьэлIащ, лъэхъэнэ къэси кьыдекIуэкIащ зыужьныгъэм, щIэныгъэм, лэжьакIуэбэм я гуащIэдэкIым теухуа тхыгъэ кулащIафIэхэмкIэ бэр зыгъэгумэкуа журналистыфIэр. Абыхэм ящыщу «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент илъэс кулащIэ лэжьа КIэбышэ Лилэ.

Москва дэт, Горькэм и цIэр зезыхьэ къэрал Литературэ институтыр къиухри, абы лэжьэн щыщIидзащ «Ленин гъуэгу» газетым. Ар нобэ тIысыжауэ щысщ, ауз абы щыхьэкIи къэмынэу, и тхыгъэ кулащIафIэхэмкIэ, и Iуэтэж тъэщIэгъуэнэхэмкIэ щIэджыкIакIуэхэр егъэгуфIэ. Илъэс куэдкIэ гурэ псэкIэ зыпэрыта газет лэжьыгъэм теухуауэ Лилэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащI.

- Лилэ, щIэздзэгъуэ псори гугъущ, жаIэу къокIуэкI, лэжьыгъэм ущыпэрыхьа япэ махуэхэм уахъуеплъэкIыжмэ, сыт хуэдэу уи яэту къыщIыхьэжра?

- Сыгузавэу къэнэжьыртэкъым. Сэ сыщIалэ дыдэт, сызыхыхьакъэ, сыти зыкIи, республикэ газетым и лэжьакIуэ гупт, щIэныгъэ куу ябгъэдэлъхэр пщIэрэ щхьэрэ зиIэ защIэу. ИтIанэ, журналистхэм зы цIыхубз яхэттэкъым сэрат япэу яхьыхьар. Абыхэм я гъусэу сыплажьэныр сэркIэ кьыззэрымыкIуэ щIыхьт икIи гъэунэхуIэшхуэт.

- Япэу лажьэгъуэгъэ кьыззэрыпIущIэм уи къэкIуэнур щиухуэ кьохъу икIи абыхэм Iэмал имыIэу къахокI, адрей псоми къащхьэщыкIыу, дэIэпыкъуэгъу нэс къыпхуэхъу зырызхэр...

- «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэ Мэзыхьэ Борис пропагандэмкIэ кьудамэм сишащ. Пэщым щIэсыр щIыхуитIт - кьудамэм и унафэщI Шырыт СультIанрэ корреспондент Бэрбэч Зуберрэ. Абыхэм сакъыригъэщIыхури, яжриащ а кьудамэм сыхэту сэри дяпэкIэ сазэрыдэлэжьэнур. Жылагъуэ гъащIэм и лъэныкъуэ псори кьызэщIэзыкъуэн хуей кьудамэм и лэжьыгъэр псом нэхърэ нэхъ гугъуу кьалъытэрт. Шырытым и жьауэм сыщIигъэувэри, пщIэрэ нэIуасэ сызыхуэхъу ежьыжьащ кьыздэлэжьащ - псалъэкIэ кьыхпуэмыIуэзэну, къэгъуэтыгъуейт апхуэдэ гупым къытэтакъым. Арат псоми пщIэшхуэ щIыхуащIыр.

Iэхъум зэуэ хуэIэижь ухьурыкъым-тIэ. А зэманым абы и мыарэзыныгъэ гуэр сIэгъуэтакъэ, лэжьыгъэм сыIуигъэщтынкIэ хьуну зэрыщытар иджы куэдрэ сигу кьокIыж. Щыгъуагъэ щысIэщIэкIкIи - апхуэдэ куэдрэ къэхъурт - сакъыпэуэрэ зыкъыскуиГъаззэрт: «Лилэ, мыбдежьи мыпхуэдэу тщIамэ мынэхъыфIу пIэрэт, уэ дауэ уеплIрэ?» - жиIэрти. Къочэнджэгуэ уи дагъуэм гу лъыуигъэтэжырт. Аращ щIыхугъэ зыбгъэдэль унафэщIым пщIэхуэз щIыхуэфащэр. Шырытым ебэгъ, щапхъэ зытрахым хуэдэу, лэжьакIуэшхуэт, журналист, зэдзэкIакIуэ Iэзэт.

Бэрбэч Зубер зыхуэбгъэдэн щымыIэу, бэз дахэ, гъахуэ Iурылът. Абы иужькIэ сэ срихьэлIакъым бзэр апхуэдэу зыгъэбзэрэбзэфа. ИтIанэ, зи лъэныкъуэ щхьэгъусэ фIыуэ зыIыгъуу, улъыхьуакIэ, кьыпхуэгъуэтынутэкъым. Псалъэ дыгъэл жызыIэу тIыкIуэ итхэм ар зэи ящыщакъым - абы сыт хуэдэ Iэхъури нэгъэсауэ зэфIиГъэкIырт. «Адыгэ псалъэм» абы щигъэкIуэ иужьрей илъэсхэм техуэу ар щыIащ Абхъазым... Зауэр ихуэкIуэ кьыгъэзжа нэужь, абы щхьэх имыщIэу республикэм и кьуажэхэр кьыззэхикIухьри, сыт хуэдиз тхьилъ зэхуихьэу абхъаз сабийхэм яхуригъэшат. ЦIыху бжьыбгъэ, Iуушэшхуэ хэлът, а щIэныгъэт щыIэтэкъым, апхуэдэт и кьалэмыпэри. Дылажьэу дыздэщысым зы дакъикъэ уэращхьейуэ идэнэтэкъым, Iэмал имыIэу уи гукъыдэжьир кьэзыIэтын гуэр кьихьилъхьэнут... Апхуэдэхэм я фIыщIэщ журналист лэжьыгъэр гунэс щыысщыхьари апхуэдизи илъэскIэ а Iэщlагъэм сыщIрилэжьари. ФIыкIэ ноби си гуи ильщ газет лэжьыгъэм гуащIэшхуэ хэзылъхьа Мырзэкъан Суфян, Джэлэс Таужид, Бекъан Чыланий, Мэзыхьэ Борис, Бекъул Токъан, Багъэтыр Аркадий, Кьамбий Зуфар, Апажэ Назир, Шыбзыхьуэ Мухьэдин, КIэрэфэ Хьэсэнбий.

- Лилэ, уи газет тхыгъэхэм увыпIэшхуэ щауфыду щытащ щIыхь щхьэхуэхэм я гъащIэм, я гурыгъу-гурыщIэхэм. Аизэ уи дежкIэ литературэ лIыхъужьыт хьэмэрэ уи газет лажьэгъэр кьепхьэлIэн зэрыхуейм тещIыхьа зи чэзу тхыгъэу ущеплъхьэхуа?

- Газет, литературэ тхыгъэкIэ зэхэздзэкIыным, дэтхэнэми си гумрэ си псэмрэ кьыздэкIыу сызэрелэжьыным сыхэтащ, портальым кьытрадза интернет-вьюм.

Ар нобэрэдэу абы кьихихгъэщащ республикэр Евросоюзым хьыхьэну зэрыхуущIэкъуэр икIи а Iуэхум texуауэ Армением и премьер-министр Пашинян Никол Европарламентым кьыщыщIесапIэм жиIаэр кьыгъэзэгъуащ: «Армениер хьэзэрыщ ЕС-р кьыпэщIэкIуэтыну зэрыхуейм хуэдизкIэ езыхэми гъунэгъу зыхуащIыну».

НэхъапэкIэ НАТО-м и секретарь нэхъыщхьэ Столтенберг Йенс жиIауэ щытащ я зэгухьэныгъэм и бжэр Армением зэрыхуэзIухэр, адэкIэ республикэм и кьулыкъущIэхэм ОДКБ-м кьыхэкIыжьыным кIэщIэту унафэм езыхэм зэрыхуитыжыр. Апхуэдэу кьыхигъэщащ НАТО-р я зэгухьэныгъэм хэмыт европей къэрал куэдым зэрадзэлажьар.

Нобэ

♦Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссиемрэ Урысеймрэ я пэлъэхъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбул адыгэбзэкIэ кьыщыдигъэкIащ «Гъаазэ» газетым и япэ номерыр.

♦1948 гъэм адыгэ тхакIуэ щIэжащIэ КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал сауГъэтыр къратащ.

♦1932 гъэм кьалъхуащ журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Рае**.

♦1937 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ Хьэмытlэ**.

♦1944 гъэм кьалъхуащ бзэщIэлIэнтI, филологие щIэныгъэзмкIэ доктор **Абдокъуэ Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфаущ щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 20, жэщым градуси 8 щыхьэнущ.

ЗыгъэхьэзырыР **щIхьэщэмыщI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэгум пкIэтъей ебдзмэ, кIэщI мэхъу.

КъБР-м и Правительствэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэр хуогуэавэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий Тlэхьир и кьуэм и анэ Мусуковэ Жамий Бузыгит и пхыр** дунейм зэрехьжкам къыхэкIыу.

ПхуэмыгъэзэкIуэжьи хэщIыныгъэ зэрырегъэтамкIэ фи гуаэу хьэлъэр вдыдогуэшу.

Зэгухьэныгъэм щыхоплъэж

Республикэм и щыхьэрым щекIуэкIащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзэда къаурхэмрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и пленум.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ фIэхьус псалъэкIэ заухигъэщащ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Абдуллаев Мустэфа**.

Iэщlагъэм кърихьэлIаxэр едэIуащ Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ зэщIэуэзэда къаурхэмрэ хабзэхьумэ Iэнатlэхэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм 2023 гъэм и лэжьыгъэм кърикIуэхэм, дызэрыт илъэсым къапэщыт къалэнхэм. Апхуэдэуи къытеувыIащ «ПэщIдзэ ветеран Iэхъущlапlэ нэхъыфI», «Сыт щыгъуи лажьэ ветеран комиссэ нэхъыфI» зэпеуэм кърикIуэхэр зэхэлъхьэжьыным.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Дэ къытхуатх

Гугъуехьрэ гуапагъэкIэ псыхьа

«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэ набдзэгубдзаплъэу, илъэс куэд льандэрэ и ныбжьэгуфIу къекIуэкI нэхъыжьыфIщ Кьардэн Мухьэмэд. УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, хэкупсэ нэсу зи гъащIэр зыхь цIыху акъылыфIэм ди газетеджэхэр куэдрэ щыгъуаэз хуещI зыхуэзэ цIыхухэм, зи лэжьыгъэр хьэлэмэ езыхьэкI IэщlагъэлIхэм, и гукъэкIыжкIэм кIдогуашэ. Кьардэным къытхуигъэхьа мы тхыгъэр теухуащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, пхьэкъ уэзщIакIуэ цIэрыIуэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

«ЦIыхУР кьалъхуркъым хьэл-щэн дахэ хэлъу, гъэса хьэзыру. Зыхуеину фIыгъуэхэр езым хуэм-хуэмурэ зэрегъэпэщыж. Мыхьэнэшхуэ яIэщ зрихьэлIэ, зыхэт цIыхухэм, ауэ нэхъыщхьэр, дауи, езы цIыхурщ. Языныкъуэхэр толъкъуныж есу йосых, «сэ сыапхуэдэщи, фыкьыздекIуэкI» жаIэ пэлъытэу. Ауэ щыIэщи нэгъуэщI цIыхухэри, цIыхьэ ихуэмыщынкIэ Iэмал имыIэу: абыхэм я гъащIэр ефIакIуэ защIэу йокIуэкI, зыхуейми я Iэр трагъэхуэф. Ди льэпкъым къегъэзауэ жыпIэмэ, апхуэдэхэр АдыгэлIщ, а псалъэм кьызэщIиубыдэ псори: нэмысри, цIыхугъэри, псапэри, гуапэри. Ар хуэмыIэну яхуэфащэу адыгэмэ цIыху щыпкъэ куэд, дийэщ. Апхуэдэхэм ящIущIу си тхыгъэр зытезухуа, Дохъушыкъуей кьуажэ мыиным кьыщадгъэхуа, кьыззэрыгузкI Iэщ дохутыру Псыгуэнсу кьуажэм лэжьэн щыщIидзэу Кавказ Ищхьэрэм жылапхъэм и фIагъыр кьэпщытэныкIэ и щыналъэ Iуэхущlапlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ Iэнатlэм и унафэщым и къуэдзэ къупыкъум нэса, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Сэхъурокъуэр УФ-м и Президентым и нэIэм щIэту лажьэ, Пхьэпкъэм яку дэлъ зэхущыты кIэхэмкIэ советым хэтщ.

Сэхъурокъуэхэ я унагъэм хэхъ лъапIэ дыдэу кьыщалытэгъ гуащIэдэкIыр араш. Адэм кьуэхэм яжриэрт: «ЛIыр лIы зыщIыр зыпэрыт и кьалэнгъэм яхуиIэ щытыкIэрпэ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэмэ, ар инуи цIыкIууи щрырети, фи кьару фемыблэжу фыбгъэдэтмэ, итIанэщ «Цыху нэсщ, адыгэлIщ» кьыщыфIужьащIэнур. ФыкъэмкIуэта, фыхуэмыкуэ - абы щыгъуэ лIыгъэ фхэмыпIу араш. А псоми я щхьэжьыр щIыху пэжу фыщытынырщ». А псалъэхэр Хьэзрит и кьуэхэм ьэхькIыу апхуэкIащ икIи я гъащIэ гъусэу кьокIуэкI. Тэмэму гу льатат нэхъыжьыфIхэм: дэтхэнэ зы щIыхуми есым и лъагапIэ иIэжщ. Яныкьуэхэр япэ лъагапIэм докIри, абыкIэ арэзы мэхъу. Адрейхэм кьыкIэлъыкIуэхэри кьагъэIуэрыщIэ, я кьарум кьегъэгугъэри, Iэмалу щыIэхэр кьагъэсэбэну. Апхуэдэущ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

ЖаIэ, щIэныгъэм щIэуэ зыгуэр хэплъхьэн мурадкIэ кьэхутэныгъэ ебгъэкIуэкIыныр псыкIуий мастэпэкIэ кьэптIыным хуэдэу. Ар тIэунейрэ игъэунэхуащ. Сэхъурокъуэм. Ветеринар щIэныгъэхэмкIэ кандидат гъэкIыгъэр екъулIэныгъэкIэ пкигъэкIа иужькIи, щIэныгъэм хуэнэхъуеинэ щIалэм и зэфIэкIхэм щыхигъэхъуащ Гельминтологиемкlэ урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институту Скрябиным и щIэр зезыхьэм. Ар щытхъу иIэу къыкIурэ, лэжьыгъэ Iэнатlэм зэрыIэрытым хуэдэущ къэхутэныгъэ купщIафIэхэр гугъуехьэкIащ экономикэ зэпэщытныгъэмкIэ. Илъэс бжыгъэкIэ зэфIиха а къэхутэныгъэхэр Сэхъурокъуэм кьыщыщIикъуэжащ и доктор диссертацэм. ЩIэныгъэ дунейм пщIэшхуэ щызыгъэута а лэжьыгъэри екъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ Хьэутий икIи «экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор» щIэ льагэр кьысфIащащ.

Лэжьыгъэм, пэжыгъэм, цIыхугъэм, адыгагъэм щIапIыкIа Хьэутий насыпыфIэ хуэщ. ЦIыхухэм ядэIэпыкъу, псэ кьабзэ зиIэ хэкуIым и дежкIэ нэхъ насып щыIэкъым цIыхухэм фIыуэ укъалъагъуным, пщIэ кьыпхуэщынымкIэ нэхъ я. Апхуэдэ фIыгъуэр гугъуехьрэ псэ хьэлэлкIэ кьилъжащ Хьэутий.

- Сэхъурокъуэ Хьэутий щIэныгъэ зэгъуэтынкIэ зызымыгъэнщI цIыхуэ. Абы сэ гу лъыстащ иджыри ар щыстудентым щыгъуэ. А щIалэм и гъащIэр ирехьэкI, «Лэжьыгъэр гъэзэщIэн хуей кьудейкъым - ар фIыуэ щIэн хуейщ» кьыхуеджэныгъэм щIэту. Хьэутий апхуэдэущ зэреджар, «тху» защIэ фIэкIа кьимыхьу. А мардэм тету ноби мэпсэу икIи мэлажьэ а адыгэлI щыпкъэр, къэрал, жылагъуэ, лъэпкъ мыхьэнэ зиIэ Iэхъухэр кьызыхуэгъэзэжьынущ.

Санкт-Петербург и губернаторым кьалэм зыгъэпсэхуакIуэ кьакIуэкъэм курортыпIщIэр кьеIыхьыным теухуа унафэм Iэ щIидзауэ щытащ нэгъабэ гъэмахуэм. ЩIыпIэ унафэщIхэм кьызэральытэмкIэ, курортыпщIэм кьалэм и бюджетым сом мелуан 310-кIэ хигъэхъэнущ, а ахъщэр хуаутIыпщынущ кьалэм и Курорт инфраструктурэм зеГъэужьыныкIэ фондым.

НАТО-м зэкIэ хьыхьэнукъым

Армением хамэ къэрал Iэхъухэмкlэ и министр Мирзоян Арарат жиIащ мы зэманым я республикэм НАТО-м хьыхьэн мурад зэримыIэр.

«ДЭ НАТО-м дыдолажьэ, Афганистаным мамырыгъэр щIэныкIэ ираГъэкIуэкI Iэхъухэм дыхэту. Косовэ щытыкIэр зэпIэзыгъэт щыхъунымкIи дэIэпыкъуэгъу дохъу. Ауэ иджыпстукIэ НАТО-м дыхьыхьэну иужь диткъыш», - щIыжиIащ Мирзоян Арарат «Todo Noticias» портал къытрадза интервьюм.

Ар нобэрэдэу абы кьихихгъэщащ республикэр Евросоюзым хьыхьэну зэрыхуущIэкъуэр икIи а Iэхъум texуауэ Армением и премьер-министр Пашинян Никол Европарламентым кьыщыщIесапIэм жиIаэр кьыгъэзэгъуащ: «Армениер хьэзэрыщ ЕС-р кьыпэщIэкIуэтыну зэрыхуейм хуэдизкIэ езыхэми гъунэгъу зыхуащIыну».

НэхъапэкIэ НАТО-м и секретарь нэхъыщхьэ Столтенберг Йенс жиIауэ щытащ я зэгухьэныгъэм и бжэр Армением зэрыхуэзIухэр, адэкIэ республикэм и кьулыкъущIэхэм ОДКБ-м кьыхэкIыжьыным езыхэм зэрыхуитыжыр. Апхуэдэу кьыхигъэщащ НАТО-р я зэгухьэныгъэм хэмыт европей къэрал куэдым зэрадзэлажьар.

Нобэ

♦Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссиемрэ Урысеймрэ я пэлъэхъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбул адыгэбзэкIэ кьыщыдигъэкIащ «Гъаазэ» газетым и япэ номерыр.

♦1948 гъэм адыгэ тхакIуэ щIэжащIэ КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал сауГъэтыр къратащ.

♦1932 гъэм кьалъхуащ журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Рае**.

♦1937 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ Хьэмытlэ**.

♦1944 гъэм кьалъхуащ бзэщIэлIэнтI, филологие щIэныгъэзмкIэ доктор **Абдокъуэ Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфаущ щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 20, жэщым градуси 8 щыхьэнущ.

ЗыгъэхьэзырыР **щIхьэщэмыщI Изэщ.**

● ФщIапхъэщ

ГъуэгупщIэхэр къатемыхьэлъэн хуэдэу

Урысейм и Президентым и унафэкIэ мы гъэр «Унагъуэм и илъэсу» къызэралъытам ипкъ иту къэралым къыхилъхьащ «Сабийхэр фщIыгъуу дунеяплъэ фIкIуэ» зыфIащащ пэхуэщIэр.

- ЗИ НЫБЖЬЫР илъэс 18 иримыкъуа ныбжьыщIэ я гъусэу купе вагонкIэ гъуэгуанэ кIыхь зэпызыч адэ-анэхэм гъуэгупщIэм и уасэм и проект 15 хуэIэрагъэхунущ, - щыжиIащ «Урысейм и гъущI гъуэгухэр» Iэхъущlапlэм и унафэщI Белозёров Олег Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм къыщыпсалъэу.

Къатитlу зэтет купе вагонхэр кьыхэхъых пассажирэм илъэси 10 - 17 ныбжьым ит ныбжьыщIэ щагъусэм деж «Школьный» тарифыр кьыхах хьунущ, плацкартэкIэ щызэкIуэ вагонкэм щIэта Iуэгупщ1эм и Iыхьэ ныкъэр хуэIэрагъэхун папщIэ.

«Сабийхэр фщIыгъуу дунеяплъэ фIкIуэ» тарифыр зекIуэнущ гъатхэ, бжьыхьэ, щIымахуэ лъэхъэнэхэм. Заплъыхьыну гъэмахуэр кьыхъэшхэм я дежкIэ «Унагъуэшхуэ» тарифыр хъарзынэщ. Мыбдежьм бынищ нэхърэ нэхъыбэ купе вагонхэмкIэ здезышажьэхэм я гъуэгупщIэр процент 15-кIэ нэхъ пуду кьращэнущ.

«Зыгъэпсэхугъуэ гуфIэгъуэ» тарифри щыIэхэм я нэхъыфIщ - илъэси 10 - 17 хуэ я бынхэр я гъусэу плацкартэкIэ щызэкIуэ, псори щызэгъусэ, къатитlу зэтет вагон купеэ кьызэхъыхьэ гъуэгупщIэм и процент 50-р я жыпым кьынэжьынущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

Къэрал программэм хохьэ

Промышленнэ ипотекэр дэIыгъыным къэрал бюджетым щыхухаха ахъшэм 2024 гъэм сом зы мелардым нэблагъэ дыщIагъунущ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил.

ПРОМЫШЛЕННЭ Iэхъущlапlэхэр ухуэным, щыIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным, ерагъэкIуэным екъэлIауэ хуэдэчых зыхэлъ кредитхэр къэзыщтахэм субсидие ахъшэу ираТым абыкIэ ирипащжьынущ.

«Догугъэ ди дэIэпыкъунигъэм и фIыгъэкIэ хьэрычэт Iэнатlэм пэрытхэм я лажьыгъэм, къыщIагъэкI продукцэм и куэдагъэм кьыхагъэхъуэну, лажьалIэщIэхэр мин бжыгъэкIэ абыхэм кьыщыззIуахыну», - кьыщыхигъащащ Мишустин Михал УФ-м и Правительствэм и зэIущIэу иджыблагъэ иригъэкIуэкIам.

2022 гъэм щегъэжьауэ промышленнэ ипотекэмкIэ къэралым щылажь программэм ипкъ иткIэ хуэдэчых зыхэлъ кредитхэр илъэсибл1экIэ хьэрычэтщIэхэм ират, зы илъэсым кьэриубыдэу процент ставкэр 5-м нэхърэ мынэхъыбэу. ТехнологиещIэхэм елэжь компаниехэм - процентэ 3 нэхърэ мынэхъыбэу. Льготэ зиIэ кредитымрэ банкхэм я процентхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыж бжыгъэр къэралым яхуепшыныж.

2023 гъэм псори зэхэту субсидие ахъшэу ятар сом зы мелардым щIигъэщащ. Абы и фIыгъэкIэ хуэдэчых зыхэлъ кредиту 820-р къыIахащ, псори зэхэту сом мелард 80 хуэзэу.

Промышленнэ ипотекэр дэIыгъыным хуэгъэзащI къэралым щылажьэ программэм хьыхьэу 2024 гъэм а IэхъуГъэхэм щхьэкIэ къэрал бюджетым сом мелард 1,3-р щыхухахащ. Иджы дыщIагъужа сом зы мелардыр хэту ар мелард 2,3-м нагъэсащ.

БАТОКЪУЭ Алыдж.

Дунейм щыхъыбархэр

Дэтхэнэ зы махуэми и уасэр

Мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ Санкт-Петербург зыплъыхьакIуэ кIуэхэм я къалэм зэрыщыIэну пIалъэм и зы жэщ-махуэм хуэзэу сом 100 къыIахынущ.

БАЛИГЪЫПIЭ иуа туристыр къалэм и хьэщIэщым щыщIэтIысхьэкIэ, курортыпщIэм пэкIуэ ахъшэр итын хуей хъунущ, абы хьыхьэнукъым ятэ махуэр. Дзэ Iэхъу хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэм, зауэм ныкъуэдыкIуэ щыхьуахэм, унагъуэшхуэхэмрэ хуэмыщIахэмрэ, нэгъуэщI щыпIэхэм къикIауэ Санкт-Петербург щеджэ студентхэм, апхуэдэу хуэдэхь щхьэхуэхэр зиIэ щыхуэхэм ахъшэ тыныр щхьэщахынущ.

Санкт-Петербург и губернаторым къалэм зыгъэпсэхуакIуэ курортыпщIэр къеIыхьыным теухуа унафэм Iэ щIидзауэ щытащ нэгъабэ гъэмахуэм. ЩIыпIэ унафэщIхэм къызэральытэмкIэ, курортыпщIэм кьалэм и бюджетым сом мелуан 310-кIэ хигъэхъэнущ, а ахъщэр хуаутIыпщынущ кьалэм и Курорт инфраструктурэм зеГъэужьыныкIэ фондым.

НАТО-м зэкIэ хьыхьэнукъым

Армением хамэ къэрал Iэхъухэмкlэ и министр Мирзоян Арарат жиIащ мы зэманым я республикэм НАТО-м хьыхьэн мурад зэримыIэр.

«ДЭ НАТО-м дыдолажьэ, Афганистаным мамырыгъэр щIэныкIэ ираГъэкIуэкI Iэхъухэм дыхэту. Косовэ щытыкIэр зэпIэзыгъэт щыхъунымкIи дэIэпыкъуэгъу дохъу. Ауэ иджыпстукIэ НАТО-м дыхьыхьэну иужь диткъыш», - щIыжиIащ Мирзоян Арарат «Todo Noticias» портал къытрадза интервьюм.

Ар нобэрэдэу абы кьихихгъэщащ республикэр Евросоюзым хьыхьэну зэрыхуущIэкъуэр икIи а Iэхъум texуауэ Армением и премьер-министр Пашинян Никол Европарламентым кьыщыщIесапIэм жиIаэр кьыгъэзэгъуащ: «Армениер хьэзэрыщ ЕС-р кьыпэщIэкIуэтыну зэрыхуейм хуэдизкIэ езыхэми гъунэгъу зыхуащIыну».

НэхъапэкIэ НАТО-м и секретарь нэхъыщхьэ Столтенберг Йенс жиIауэ щытащ я зэгухьэныгъэм и бжэр Армением зэрыхуэзIухэр, адэкIэ республикэм и кьулыкъущIэхэм ОДКБ-м кьыхэкIыжьыным езыхэм зэрыхуитыжыр. Апхуэдэу кьыхигъэщащ НАТО-р я зэгухьэныгъэм хэмыт европей къэрал куэдым зэрадзэлажьар.

Нобэ

♦Сабий тхылъым и дунейпсо махуэщ

♦Белоруссиемрэ Урысеймрэ я пэлъэхъэм я зэкъуэтыныгъэм и махуэщ

♦1911 гъэм Цагъуэ Нурий Истамбул адыгэбзэкIэ кьыщыдигъэкIащ «Гъаазэ» газетым и япэ номерыр.

♦1948 гъэм адыгэ тхакIуэ щIэжащIэ КIэрашэ Тембот СССР-м и Къэрал сауГъэтыр къратащ.

♦1932 гъэм кьалъхуащ журналист, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **АфIэунэ Рае**.

♦1937 гъэм кьалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъжь, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и механизатор **Дадэ Хьэмытlэ**.

♦1944 гъэм кьалъхуащ бзэщIэлIэнтI, филологие щIэныгъэзмкIэ доктор **Абдокъуэ Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфаущ щыщIытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 20, жэщым градуси 8 щыхьэнущ.

ЗыгъэхьэзырыР **щIхьэщэмыщI Изэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гъуэгум пкIэтъей ебдзмэ, кIэщI мэхъу.

КъБР-м и Правительствэр, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэр хуогуэавэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий Тlэхьир и кьуэм и анэ Мусуковэ Жамий Бузыгит и пхыр** дунейм зэрехьжкам къыхэкIыу.

ПхуэмыгъэзэкIуэжьи хэщIыныгъэ зэрырегъэтамкIэ фи гуаэу хьэлъэр вдыдогуэшу.

Дакъикъи 108-м цІэрыІуэ хъуа

Урысейм мы гъэм Іэтауэ щагъэлъапІэнущ япэ космонавт Гагарин Юрий къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур. Фэелъ Іуэхугъуэхэр щекІуэкІынущ къэралым и къалэ куэдым.

ЗЭРЫХАБЗЭУ, Москва удз гъэгъахэр щагъэтІылъ Гагаринрэ щыщІалъхьа щІыпІэм (Кремлым и блыным деж). А Іуэхум зрагъэхьэлІэ космонавтхэмрэ а Іэнатіэм епха Іэщіагъэлізкэмрэ. Удз гъэгъахэр щагъэтІылъ Байконур космодромми. Гъатхэпэм и 21-м Гагариным и щІыхькІэ «Союз МС - 25» кхъухьэр яутІыпщащ.

Ябэ космонавтым и лъахэ щІыкІум - Смоленск - зэхыхьэшхэхэр къыщыізэрагъэпэщынущ, кхъухьлъатэзекуэ-космонавтхэр, хамэ къэралгъунэгъухэмрэ жыжьэхэмрэ я лІыкІуэхэр къарагъэблагъэу. Абдеж гуфІэгъуэ пшыхь щрагъэкІуэкІынущ «Земляне» гуп цІэрыІуэм. Смоленск тхыдэ музейм къыщызІэуахынущ «Гагарин - дунейм и ябэ космонавт» зыфІаща выставкэр. Абы иджы ябэу щагъэлъэгъуэнущ хьэршыр къэзыгъэІурыщІа цІыхуэм езым зрихьа хьэпшыпхэм щыщ. Гагарин Юрий и илъэс 90-м и щІыхькІэ, музейхэм зэІэпах марафоныр гъатхэпэм и 9-м (космонавт цІэрыІуэр къыщыдгъуэ махуэм) щрагъэжьащ Камчаткэм. Ар къэрал псом кІуэцІрыкІынущ икІи Дунейпсо хым и музейуэ Калининград дэтым щызэхуащІыжынущ.

Калугэ Космонавтикэмкіэ и музейм иригъэкІуэкІащ «Урыс космосым теухуа хьыбархэр» литературэ-макъамэ пшыхьыр. «Авиацэмрэ космонавтикэмрэ» центрым ВДНХ-м гъэлъэгъуэнигъэ къыщызэригъэпэщынущ. Гагарин Юрий и махуэшхуэр щагъэлъапІэнущ Дивногорски. Абы космонавт цІэрыІуэр 1963 гъэм и фокІадэм щыІэуэ щытащ, Красноярск ГЭС-м и кухнякІуэхэм яІуцІэн папщІэ.

...СССР-м и кхъухьлъатэзекуэ-космонавт, Совет Союзым и Лётчыжь, хъарзэ зыбжанэм я дамыгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэр зыхуагъэфащ, Урысейми хамэ къэрал куэдми щІыхь зиІэ я цІыху, СССР-м и дзэ-хьэуа Іэнатіэм и полковник, ябэ класс зиІэ дзэ кхъухьлъатэзекуэ (1963 гъэм хуэщащ) СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер (1961 гъэм), ВЛКСМ-м хэта, СС-СР-м и Совет Нэхъыщхьэм и 7-нэ, 8-нэ зэхьэхьэгъуэхэм я депутату щыта Гагарин Юрий дуней псом ябэу хьэршым лъэтат, ар зэрыса «Восток - 1» кхъухьэр Байконур космодромым тельэтыкІат. Дакъикъи 108 нэужькІи Гагаринрэ хъарзынэу кхъыщетІысхьжащ Саратов щІыналъэм, Энгельс пэмыжыжьэу. 1961 гъэм мэлыжьыхьым и 12 махуэрат ари, махуэшхуэу ягъэуващ (Космонавтикэм и махуэу). ЗэрытщІыщи, а махуэм Гагаринрэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуащ. Хамэ къэрал куэдым я правительствэхэмрэ жылагъуэ Іухэущ Іапхэмрэ ирагъэблагъэуэрэ ар къэрал 30-м нэблагъэм щыІат.

КъыкІэлъыкІуа илъэсхэм Юрий хьыджэру хэтащ жылагъуэ-политикэ лэжьыгъэм, къиуващ профессор Жуковскэм и цІэр зезыхьэ Дзэхьэуа инженер академиер. 1968 гъэм гъатхэпэм и 27-м Гагариныр гъэсакІуэ ахъыпэмэн Серёгиным и нэІэм щІэту кхъухьлъатэкІэ къалъотыхьу хэкІуэдащ (Владимир щІыналъэм хыхьэ Киржачскэ районым и Новосёлово жылэм пэгъунэгъуу). А насыпыншагъэм щхьэусыгъуэ хуэхъуар нобэми яхузэхэгъэкІакІым.

Гагариным Совет Союз псор хуэщыгъуащ (къэралым и Іэтащхьэ щымыІ цІыхум папщІэ ябэу щыгъуэ щыгъуэ махуэ зыхуарагъэкІуэкІар арат). Абы и цІэр фІащат къалэ зыбжанэм (езыр къыщалъхуа Гжатски хэту), уэрамхэм. Апхуэдэуи къэрал зыбжанэм я къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм Юрий фэелъ щыхуагъэуваУ щытащ.

Гагарин Юрий къыщалъхуар 1934 гъэм гъатхэпэм и 9-рэ. Дэфтэрхэм зэритымкІэ, РСФСР-м и Къухьэпі щыналъэм хыхьэ Гжатск районым и Клушинэ къуажэм (иджы Смоленск щІыналъэм и Гагарин районыщ). Юрий и адэ Алексей пхъащІэт, и анэ Матвеевэ Аннэ шэм щелэжь фермэм и лэжьакІуэт (Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъэжь, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденхэр кхъухуагъэфащауэ щытащ). Абы и адэшхуэ Матвеев Тимофеи цІэрыІуэу щытащ: Путиловск заводым и лэжьакІуэу, ревуционнер.

Гагаринхэ я унагъэм кхуищрэ зы пхъурэ яІэт. Юрий и ныбжькІэ ещанэт. И сабиигъуэр Клушинэ щихьащ. 1941 гъэм фокІадэм и 1-м щІала цІыкІур школым щІэтІысхьат, арщхькІэ жэпэугъуэм и 12-м кхуажэр нэмыцэхэм яубыдри, едэжнэр зэпыуащ. Унагъуэр зэрыщІту я унэм кхъыщІахуащ зэрыпхъуакІуэхэм. ЩІымэхуэр къимыхьэ щІыкІэ, щІыпхэ ящІри хъанщу (дёрн) трапІэжащ, хьэку иращІыхьащ. Гугъуехь куэд я нэгу щІэкІащ зэрыбгынэм. Нэмыцэхэр дзкІыжьыным нэмысипэу, Юрий и кІуэш нэхъыжь Валентинрэ и шыпхъу Зоерэ Германием яхуащ. Юрий и нэгу щІэкІащ сабийкэр Іузыщ машинэм анэжэр зэрыкІэпыжьэри, ахэр къызэрыІуадзыжри. ИужькІэ Гагариныр зэи тепсэлъыхьажьакъым зауэ илъэсхэм...

1955 гъэм ар Совет армэм къулыкъу щищІэну ираджэри, Ворошиловым и цІэр зезыхьэ дзэ авиацэ еджапІэм а зэманым цІэрыІуэу щыІа кхъухьлъатэзекуэ Акбулатовым и деж зыщигъэсэн щІидзащ. Абдеж щетэжьауэ, адрейхэм сыт щыгъуи кьахэщу, екъулІэныгъэхэр къигъэлъагъуэу екІуэкІащ.

СССР-м и Министрхэм я Советым и къэрал комитетым и конструктор бюро №91-м и конструктор нэхъыщхьэ Королёв Сергей и нэІэм щІэту космосым ябэу лъэтэну зыхуагъэфащэ щыхьу 20 кхьихахат, арщхьэкІэ къыІэн кхьиуэ гъэувахэм псоми пхыкІар Гагарин Юрийщ. Ар зэрыса кхъухьым зыщиІэт дыдэм жиІа псалъэ закъуэр - «Поехали» - псалъэ щэрыуэ хуэауэ нобэми цІыхухэм ящыгъупщэркъым.

Космонавт цІэрыІуэр здрагъэблагъауэ щыта къэралхэм нэхъ гъэщІэгъэну щиплъагъуахэм ящыщ зы кхьхэдгъэщынщ. 1961 гъэм и бадзэуэгъуэм Гагарин Юрий Инджылызым лъэтащ, къэралым и литейщикхэм я профсоюзым иригъэблагъэри. Абы и цІэр кхъзыгъэлъагъуэ зэрфхэр - YG I (Юрий Гагарин) - «Rolls-Royce Silver Cloud-II» машинэм абы щыгъуэм кІэралъхьауэ щытащ. Ябэу ар Манчестер ебгъэтащ, Великобританием и литейщикхэм я профсоюзхэм я штаб-квартирэу абы щыІэм. Абдеж Гагариным ЩІыхь тхылъ кІыщыхуагъэфащащ. Абы щыгъуэм Юрий къратащ Космосым зегъэужьыныжьмкІэ фондым и дыщэ медалри (ябэ дыдэу кхыдагъэкІар). КъэралунафэщІхэм - пащтыхь гуащэ Елизаветэ ЕтІуанэмрэ премьер-министр Макмиллан Гарольдрэ - щалІущІам, хабзэм кьемызэгъми, пащтыхь гуащэм ди космонавт цІэрыІуэм и гъусэу сурэт зытригъахат, «ар цІыху кхъызэрыгуэкІкъым, уэгум и цІыхущ», жиІэри...

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Нэхъри зеужь

Республикэ клиникэ сымаджэщым щекІуэкІащ Іуэхущапіэр блэкІа илъэсым зэрылэжьар кхъщапщытэж зэІуцІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ Къардэн Мурат, ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ щІыналъэ хъудамэм и унафэщІ Къуэжей Рустам сымэ.

- УЗЫНШАГЪЭР хъумэнымкІэ Іэнатіэм мыльку хушхуэ токІуадэ, унэтІыныгъэм зиужьыныкІэ икъукІэ дзэпыкъуныгъэшхуэ къыбгъэдокІ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. Къэрал Унафэщым и жэрдэмкІэ кхьыхьа «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрми къэралым и нэгъуэщІ хэгъэгухэми медицинэ Іуэхущапіэщіэхэр щахуэу, Іэнатіэхэм зэрэпэщыжьныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІ, иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ кхьыхьрагъэпэщ, - жиІащ министрым. – Апхуэдэу щІыналъэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэр ефІакІуэныкІэ сыт и лъэныкъуэкІи щІэгъэкъуэн мэкъу республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек. «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ иджыпсту Республикэ клиникэ сымаджэщым кхьзэгъэпэщащ щхьэ куцІым щызэкІуэ лъым иІэ сэкъатыр кхъуэтэнымкІэ, а узыфэр зыпкърытхэм я узыншагъэр егъэфІакІуэжьныкІэ фІагъэышхуэ зиІэ ІэмэпсымэхэкІэ.

Республикэ клиникэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Тет Хьэсэнбий тепсэлъыхьащ блэкІа илъэсым Іэнатіэр зэрылэжьам. Узыфэ зэмылІэужьыгъуэ куэдым щІэІэзэ щІыналъэ сымаджэщ нэхъыщхьэм унэтІныныгъэ 18-кІэ щІыхуэхэм медицинэ дзэпыкъуныгъэ щрат. Іуэхущапіэр корпусибгу зэхэтщ, стационар къудамэу 18, параклиникэ Іэнатіэу 4 иІэщ. Жащщи махуэми лажьэ къудамэм гъуэлъыпІэ 564-рэ щІэтщ, махуэ стационарым – 30.

2023 гъэм сымаджэщым хирургие дзэпыкъуныгъэ щагъэтащ сымаджэ 13 523-м, абы щыщу 1103-м фІагъ льагэ зиІэ технологиехэр зи лъабжьэ Іуэхутхьэбзэкэр хуащІащ. Телемедицинэ чэнджэщу 687-рэ ирагъэкІуэкІащ, КТ къэпщытэныгъэхэр хуащІащ щІыху 15831-м, МРТ кхъухтэныгъэхэр – 5698-м. Сымаджэщым щІэлъу дунейм ехыжхэм я бжыгъэр процент 1,9-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Тет Хьэсэнбий къыІетуеныІащ сымаджэхэм псынщІэу дзэпыкъуэгъу щахуэхъу къудамэщІэ яухуэм и лэжьыгъэр зэрыщытынум. Сымаджэщым и къудамэщІэм пІащІэгъуэкІэ къаршэлІахэм я узыншагъэр псынщІэу кхыщахутэфынущ икІи я узыр зыхуэдэм, и щытыкІэм и хьэпъагъэм елъытауэ адэкІэ къыщеІэзэнэр яубзыхунущ.

Метр зэбгъуэзнатІэу мин 1,2-м щІигъу щІыналъэм тращІыхьыну унэр сымаджэхэм я тыншыгъэм хуэщІауэ щытынущ. Абы хэтынущ операцІэ щащІ, реанимацІэ пэшхэр, кьищынэмыщІауэ, лъэрытет сымаджэхэмрэ зи щытыкІэр нэхъ хьэпъэхэмрэ щаІыгъ щІыпІэхэр зэщхьэщыхьауэ щытынущ. Къудамэм иІэнущ иджырей Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэща диагностикэ пэш, КТ, УЗИ аппарат лъэщхэмкІэ къызэгъэпэщащэ. Сымаджэхэр мыбдеж щаІыгъынущ махуищым нэблагъэкІэ – и щытыкІэр зыхуэдэр зэхагъэкІыу адэкІэ къыщеІэзэну къудамэм ягъэкІуэхукІэ. Абы Іэмал къаритынущ хирургие и лъэныкъуэкІэ гъэкъэгъуэ зэтеубгъуэ екІуэкІынымкІэ, сымаджэщым и зэфІэкІ псори иэсу къагъэсэбэпынымкІэ. Сымаджэщым и унищи – щхьэ зытелъ зэпрыкІыпІэкІэ зэпыщІауэ щытынущ, абы ипкъ иткІи сымаджэ хьэлъхэр здагъэкІуэну къудамэхэм нэхъ тыншу яІэнущ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм я фІыгъэкІэ пІащІэгъуэкІэ медицинэ дзэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм нэхъ псынщІэу Іуэхутхьэбзэхэр хуащІэфынущ.

Къалэбатэ Рустам жиІащ иджырей технологиехэр къагъэсэбэпу фІагъ льагэ зиІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр щыхуэхэм яхуэзэщІэ Іэщіагъэлізкэм зэхуэдизыкІэ хьарзынэхэр къызэрагъэлъагъуэр, апхуэдэу хъыкиргъэщащ Травматологиемрэ ортопедиемкІэ къудамэм, Лъынтхуэ уэзыфэхэм щеІэзэ щыналъэ центрым лъжьыгъэ щхьэпэ зэрыщекІуэкІыр, Іэнатіэр зыхуэй хуэзэу зэрызэтеублам и фІыгъэкІэ республикэм и щІыхуэхэр къалэшхуэхэм щыІэ клиникэхэм мыкІуэу щІыналъэм зыхуэй дэІэпыкъуныгъэр зэрыщагъэуэтыр.

ЗэлущІэм къыщагъэлъэгъуащ мы илъэсым Іэнатіэм зыхуигъэзыжьа къэлэнэхэр, гуп зыбжанэ нэхъ зыхуащІыну унэтІныныгъэхэр. Абы теухуауэ министрым пщэрыльэ зыбжанэ ящищІащ, ахэр щызэфІагъэхІыну пІалъэри къагъэлъэгъуащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Зэман куэд трамыгъэкІуадэу

ЩІыналъэхэм зегъэужьыныкІэ фондым иджыблагъэ къызэриратамкІэ, къэралым и щІыналъэхэм я псэупІэ-коммуналыныгъэ хэзэйствэхэм хьыхьэ ухуэныгъэхэм къыщыхьу Іуэху мыщхьэпэ зэхуэмыдэхэр зэман кІэщІым къриубыдэу гъэкІуэдыжьыныкІэ Къэбардей-Балъкъэрыр щыпэрытщ.

АБЫ ХЕУБЫДЭ хуабэ, электрокъару, газ, псы къыщІэзыш, псы къагъэсэбэпар Іуэзыш Іуэхущапіэхэм е уху-ныгъэхэм, псэупІэхэм я лэжьыгъэм екъэзІауэ зэхуэныкъэзыгъэхэр.

«Фондым къызэрипщытамкІэ, къэхъуакъащІэ мыщхьэпэхэр, ныкъусаныгъэхэр гъэзэкІуэжьыным трагъэкІуэдэ зэманыр илъэс къэс нэхъ мащІэ хъуурэ макІуэ. Псалъэм къыдэкІуэу, 2021 гъэм апхуэдэ Іуэхугъуэхэм ику иту сыхьэтибгъу трагъэкІуадэу щытащ, 2022 гъэм – сыхьэти 8,1-рэ, 2023 гъэм – сыхьэти 7,7-рэ. Атіэ, дыхьэшт илъэсым зэрыщидзэра абы трагъэкІуадэ зэманыр ягъэмэщІащ икІи сыхьэти 6,9-м нагъэсащ. Абы къегъэльагъуэ къэралым и щІыналъэхэм я псэупІэ-коммуналыныгъэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм къыщыхьу къэхъуакъащІэ мыщхьэпэхэу я къалэнхэр гъэзэщІэныр щызэблэу къэзыгъэхъуэр гъэкІуэдыжьыным, е ахэр лажьэу егъэжьэжьным тригъэкІуадэ зэманыр ику иту сыхьэти 2,9-рэщ. ИкІи абыкІэ къэралым етхуанэ увыпІэр щиІыгъщ. Ябэ итхэм яхэтщ Алтай щІыналъэр, Мэзкуу къалэр, Магаданэ областыр, Шэшэнымрэ Осетие Ищхьэрэ – Аланиемрэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ХьэщІэхэм къахэхъуэнущ

«Туризмэмрэ хьэщІэ къегъэблагъэнымрэ» проектым трагъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ центрым къыбгъэдэкІыу Къэбардей-Балъкъэр Республикэм иджыблагъэ къыІэрыхьащ сом мелуан 46,5-рэ. А Іуэхум теухуауэ УФ-м и Правительствэм хэгъэгухэм яхуиутІыпщащ псори зэхэту сом меларди 6,3-рэ.

ФИГУ къэдгъэкІыжьынщи, Къэбардей-Балъкъэрым зыгъэпсэхупІэ щІыпІэу иІэр нэгъабэ льандэрэ процент 58,5-кІэ хэхъуащ. Иджыпсту республикэм зэгъуэгу щагъэІэфынущ зыгъэпсэхуакІуэ, зыплъыхьакІуэ мин 17-м щІигъу. Нэгъабэ щІыналъэм къэкІуахэм я бжыгъэр процент 26,3-кІэ хэхъуащ, хьэщІэу щыІащ цІыху мелуанрэ ныкъуэрэ.

Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм хыхьэ хэгъэгухэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зылъысар Ставрополь крайщ (сом мелуан 210,7-рэ), Дагъыстэн Республикэм хуаутІыпщащ сом мелуани 104,9-рэ, Къэрэшей-Шэрджэсым – сом мелуан 41,4-рэ, Осетие Ищхьэрэ – Аланием, Ингушым, Шэшэным дэтхэнэмэ сом мелуан 30.

Туризмэм епха Іэнатіэм зэгъэужьыным гулъытэшхуэ щыхуащІ ди республикэм. ЦІыхухэм туризм Іуэхутхьэбзэу хуащІэр сом меларди 10-м куэдкІэ щІегъуэ. ЗыплъыхьакІуэ къэкІуакъэмрэ зызыгъэпсэхэжьмрэ я бжыгъэр хэхъуэ зэпытщ. ИлъэсищІ-плІы хуэдизкІэ уэзІэбэкІыжмэ, мелуан ныкъуэм нэблагъэщ ди деж щыхьэщІэу щытар. Иджы, нахуэ зэрыхъуащи, туризмэм и Іэмалхэр цІыху нэхъыбэми пэлъэщынущ. 2025 гъэм ирихьэлІэу цІыху мелуанитІым нэс ди щІыналъэм къашэфыну хуагъэфащэ. Дауи, зыплъыхьакІуэхэмрэ зызыгъэпсэхуакІуэхэмрэ я бжыгъэм хэхъуэныр ахэр къыздекІуалІэ щІыпІэм и инфраструктурэм и фІагъым елъытащ, хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэм епхащ.

Къьапщтэмэ, «Кавказ.РФ»-р хуабжьу йогугъу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгухэм проект ехьэжьахэр щыгъэззэщІэным, абыхэм мылъку кьыхэзылъхьэнухэр кърашалІэ, щІыналъэзэхуаку турист гъуэгухэр яубзыху, щІыуэпс, ерыскъыхэкІ, промышленнэ туризмэм, кІуэаракъэ мы Іэнатіэм епха лІэужьыгъуэ псоми йолэжь, цІыхухэм ягу дыхьэ Іуэхутхьэбзэ яхуущІэнымкІэ хэкІыпІэхэр къагъуэт.

Илъэси 7-10-кІэ уэзІэбэкІыжмэ, щІыналъэхэм щыІа ухуэныгъэшхуэхэр кьызэтрагъэзыІуэу щытамэ, иджы большагъу апхуэдэхэм компание инхэмрэ мылъку зыбгъэдалъ Іуэхущапіэхэмрэ ахъщэ зэрыкальхьэр. Зэхуэдэу яухуэ санаторэ-курорт, бгы-пльэ зыгъэпсэхупІэхэри. Апхуэдэ щапхъэу къэпхь хуэнущ «Іуащхьэмахуэ» зыгъэпсэхупІэ цІэрыІуэр кьызэрагъэщІэрадзэр. Абы и Іэгъуэблагъэхэри, Азау хуэй турист хуэажв цІыкІури зыхуэй хуагъаз. А лажьыгъэхэм я пІэ Іыхьэр блэкІа илъэсхэм зэфІагъэкІащ. Абы кьыщызэІуахащ сату унэ цІыкІухэр, нэгузэгъэжьыпІэ зэпытыныгъэхэр, зэуэ машинэ 800 хуэдизэ зэрыхуэ гъэувыпІэ, апхуэдэуи а щІыпІэм узэрыщызекІуэ гъуэгухэр зэрагъэпэщажащ.

Иджыпсту абы дэт ухуэныгъэхэм зы архитектурэ теплъэ ирату щІадзэнуэрэ 2026 гъэм ирихьэлІэу щІэхэри яухуэнущ. Абы кьыдэкІуэуи паркхэр, спорт утыкухэр, къэкІухьыпІэхэр щащІынущ.

«Гектар 24-рэ кьызэщІэзыщІа щІыпІэр иджырей мардэхэм изагъэу къагъэщІэрэщІэнущ илъэситхум къриубыдэу. Абы кьыкІэлъыкІуэу Іуащхьэмахуэ лъапэ щащІынущ кІапсэ парк, аттракционхэр, бгы хъыринэхэр, мылыщхьэ къэжьхьыпІэ, скейт-парк, скалодром, сабий, спорт утыкуэр. Нэхъ щэхуу, тыншу зызыгъэпсэхуну хуейхэм папщІэ абы кьыщыхэнэнущ къэкІуэ щыІ ефапІэ, уэрам тхылъ еджапІэ, зекІуапІэ хуэут. КъыщыхэмэмыщІауэ, щхьэнтГагъэ нэхъыбэ хасэнущ, екІуалІэ гъэгугъэр зыхуэй хуагъэзэжьынущ, уэздыгъэхэр фІадзэнущ. Лэжьыгъэм и нэхъыбэр щекІуэкІынур 2024 - 2026 гъэхэрщ.

«Ди къэралым и зыгъэпсэхупІэ нэхъ лъагэ дыдэ «Іуащхьэмахуэ» Іэмал псори иІэщ илъэсым и хьуреягъкІэ зыщыбгъэпсэху щІыпІэ нэхъыбэ Іуащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Я гъуэгуанэр яхъуэжакъым

ИпэІуэкІэ хьыбар зэрывэдгъэщІащи, Идарым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет автовокзал №91-м гъатхэпэм и 30-м къыщыщІэдзауэ лэжьэн щигъэтащ. НэгъуэщІ щыналъэхэм къикІыу ди республикэм къакІуэ автобусхэмрэ ди къуажэхэр, районхэр зэпызыщІэхэмрэ трагъэушащ «Ищхьэр», «ИпщІэ» автовокзалыщІэхэм икІи ахэр къыздикІ лъэныкъуэм елъытауэ нэхъ япэгъунэгъуэм екІуэлІэнущ.

МЫБДЕЖЫМ, къыхэдгъэщыну дыхуейт, Іуэхум теухуауэ ди газетым къэпсалъэхэм папщІи, абы щымыгъуазэхэм щхьэкІи: Налшык къалэм ПащІэм и цІэр зэрихьэу щыІэ уэрамым тета вокзалыжьым къытехьэ маршруткэхэм я гъуэгуанэр яхъуэжакъым, атІэ, я маршрутым зэрытетам хуэдэу адэкІи къакІухь. Абы ехьэлІауэ зэхъуэкІынымгъэ гуэри щыІэкъым.

Мыдрейуэ, зэхъуэкІынигъэхэр зыльэІэсахэм ятеухуауэ: маршрутым тету ищхьэрэ лъэныкъуэмкІэ Налшык къыщыдыхьэ автобусхэр – Дзэлыкъуэ, Іуащхьэмахуэ, Прохладнэ (Псыншокъуэрэ Екатеринградкэ къуажэхэмкІэ къыздэкІыу) щІыналъэхэм къикІхэр, ЩхьэлыкІуэ къуажэм и дыхьэпІэм деж щыт «Ищхьэрэ» автовокзалым тохьэ.

Май, Тэрч, щІыналъэхэм, Прохладнэ къалэм къикІхэр «Дубки» бззэрым и Іэгъуэблагъэм деж щауха «Ипщэ» автовокзалым къокІуэ.

Мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ «Ипщэ» автовокзалым къытехьэнущ Осетие ИщхьэрэІ – Аланием, Ингушым, Шэшэным, Дагъыстэнэм къикІ автобусхэр.

Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым, Крымым, Луганск республикэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Ростов, Астрахань, Волгоград, Саратов областхэм, Мэзкуу, Санкт-Петербург къалэхэм къикІыну автобусхэр къызытехьэнури зытеКІынури «Ищхьэрэ» автовокзалырщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Нартсанэ - Къэбэрдей шытх

● Жылагъуэ

Дызэрыщыгъуаззщи, Ставрополь крайм хьыхь Кисловодск къалэм адыгэхэр нобэми Нартсанэщ зэреджэр.

АР ЯЩЫЩІ Кавказыр къэзыІэу пащтыхьыдзэм ХІХ лІэщІыгъуэм и пэщІдзэм, нэхъ пыухыкІауэ къэдгъэльагъуэмэ, 1803 гъэм кьыщыщІэдзауэ, Іуащхьитху (Бещтэу) и Іэхэльахэм щаухуа быдапІэхэм.

Иджыдэй Нартсанэр здэщытыр ижькІэрэ я гъунапкъэт езы Къэбэрдеймрэ абазэ я куэдажэу а Іэгъуэблагъэм итхэмрэ. Абы и щыхьэтщ къуапитху зиІэу яухуа быдапІэщІэм хащІыхьа куэбжэдыхьэпІитІым ящыщу ищхьэрэ-къухьэпІэмкІэ гъэзам - «Жантемировские» (абазэ жылэу Жантемыркэ ейм зэрыухуэкІуэм къыхэкІыу), ипщэкІэ гъэзам - «Кабардинские» (зыхуэпльэр Къэбэрдей лъэныкъуэмкІэщ къарагъэкІыу) фІащауэ зэрыщытар. Иужьым а тІум я цІэхэр «Горячеводские», «Водяные» яхьуаІэхэмкІэ зэрахъуэкІат.

Ди зэманымкІэ къедгъэзэкІыжьынщи, дэри а лъэныкъуэмкІэ мызэ-мытІэу дыщыІащ. Атіэми, Нартсанэ уэкъыдэкІауэ Кичибалык къэрэшей къуажэ щыкІуэм гъунэгъу зыщыхуэпщІкІэ, ипэщыкІэ узыщхьэдэх Іуащхьэ джабэ екІуэкІырщ «Кабардинский» (метр 1603-рэ и льагагъэщ) зыфІащауэ картэм итыр. ТІэкІу нэхъапэІуэкІэ сикІуэтыжьынщи, абы апхуэдэ цІэ щытрагъэІуэкІам и щхьэусыгъуэм и мызакъуэу, езы шытхэр кьыщыщІидзэри щиухьыжри зэхэщІыкІыгъуэу кьыззэрызгурымыІуэри зэрэщІагъуэр.

Ауэрэ здекІуэкІыми, 2016 гъэм и фокІадэм гуп мащІэ дыхьуу кьыззэдгъэпэща автомобиль зекІуэмкІэ зэльдгъэІэса щІыпІэхэм зи гугъу сщІы шытх цІыкІури хиубыдат.

Географие щІэныгъэр зэрысфІэфІым и фІыщІэкІэ, дызыкІуащІ щыта а шытх цІыкІум «Къэбэрдей шытх» хужьилІэ зэрыхьунур нэхъ зэльдгъэІэса щІыпІэхэм зи гугъу сщІы шытх цІыкІури хиубыдат.

Географие щІэныгъэр зэрысфІэфІым и фІыщІэкІэ, дызыкІуащІ щыта а шытх цІыкІум «Къэбэрдей шытх» хужьилІэ зэрыхьунур нэхъ зэльдгъэІэса щІыпІэхэм я къежьапІэщ, абы кьыдэкІуэуи, Чыщбалъкъ и тІуащІэм, ищхьэрэкІэ «кьыщыхуэплъэу», кІыхьу щхьэщыІэтыкІа лъагапІэщ.

Атіэми, ГъэщІэгъуэн щыщхьэжар араущи, зи гугъу сщІы шытх цІыкІум щыщу «Кабардинский» цІэм хэт хъэрфхэр зытратхэр Ставрополь крайм хьыхь и Іыхьэм и закъуэщ, езы сэнтхым ипщэкІэ щыІэ и нэзыр иджырей Къэрэшей-Шэрджэсым ит, метр 2148-рэ зи льагагъэ Абазыкишлак (Абазэ жылэ жьитІэмэ, 1926 гъэм нэсыхущ.

ЛЪАГЪУЭРЫКІУЭ Шухъьижьэ.

● Мэлыжьыхьым и 1-р Ауанымрэ гушыІэмрэ я дунейпсо махуэщ

Зым жиІи фи фІэщ фымыщІ

Іыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъухэм нобэ дэгушІэ хабзэщ. Ар я пэ дыдэу къыщыунэхуар дэтхэнэ къэралрами иджы зыри щыгъуазэжкъым. Тхыдэм къыззрыхэущыжьымкІэ, мэлыжьыхьым и 1-р нэхьапэм ягъэльапІэу щытащ гъэрэ щыІэрэ щыхэзэкІ махуэу. МафІэщхьэтыхьыр, нэгъэущІу жыпІэмэ Ильясыщ1эр, сыт щыгъуи гушыІэрэ ауанкІэ гъэнщІат. А махуэшхэм и хабзэхэр иджыри кІуэдыжакъым. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуауэ къалъэтэр щІыуэпсым и щытыкІэрщ, гъатхэ уэшхырилэр, уэгІпсытІыр, махуэ нэщхьеифэхэр ауанрэ гушыІэкІэ ягъэдахэрт...

АРАЩИ, ящыныкъуэхэр иджыри пщыхьэщхьэм йогупсыс я Іыхьлыхэр, благъэхэр, ныбжьэгъуэхэр «къызэрагъэпцІэнум». Адрейхэм пщыхьэщхьэм къалэн зыщащІыж къыкІэлъыкІуэну махуэр мэлыжьыхьым и 1-р зэрыварр зыщамыгъэгъупщэну, зым и жьи я фІэщ ямышІыну, зыкъраныгъэгъэпцІэну. Ауэ, а псоми емылъытауэ а махуэм и пщэдджыжьым щыщІадзауэ жаІэ псори зи фІэщ хъуэхэр мащІэкъым...

ЗэрытщІэщи, мэлыжьыхьым и 1-м гушыІэхэми зыдэгушыІэхэми куэду дарохьэлІэ. А махуэм къэнэжауэ гушыІэхэм ящыщу дуней псом нэхъ щІэрыІуэ щыхъуауэ 100-р къаГлъэгъуащ. Апхуэдэхэщ, Пизанскэ чъщанэр «къызэрыуам», выжпІу «къэзыльэтыхьхэм» ятеухуауэ телевиденэм къита репортажхэр, нэгъуэщІэхэр.

Урысейм гушыІэмрэ ауанымрэ я махуэм и къыхуеджэнигъэ нэхъыщхьэр: «Мэлыжьыхьым и 1-м зым жиІи уи фІэщ умыщІ!» псалъэхэращ. Аращ а махуэм Іэмал имыІэу зыгуэр гуапэу къэбгъэпцІэн хуейуэ къыщІалъытэр. Армыхъумэ, махуэр пщІэншэу кІуащ...

Ди лъэпкъ литературэм и мащІэкъым ауан, гушыІэ рассказхэр, миниатюрэхэр, усэхэр. Нобэ фи пащхьэ идольхъэ Хьэх Сэфарбий и гушыІэхэм ящыщ.

Си хъуреягъкІэ

Лэжьэгъуэ махуэр зэтхъуэкІри, си лэжьэгъуэр сэрэ тІэкІу дытеуну мурад тщІат. АрщхьэкІэ тІэщІэлъ щыІэтэкъым, дыгуэзарэт. Щымыхъум си гъусэр къэпсалъащ, и гум къэщІитхьыу:

- Сэ сІыгът ахъшэ...

- НтІэ, сыт?

- Си щхьэгъусэм ещІэ!

Щхьэгъусэм ищІэу сом мин нэхърэ, абы имыщІэу пкъуэлъ зы сомыжь!

* * *

Зы щІалэ зыщІыпІэ ІэзэхутхьэбзащІэ яутІыпщат. А здэкІуэм зэраущІэну, зэрахьхэну, зэрахутыну сытхэм егупсысу щІидзэри, пщэрыльъ къыщащІу къыщІаутІыпща и къалэныр - щІэкІуар щыгъупщжащ. Куэдрэ егупсысащ ар къищІэжыну, итІыхьащ и щхьэм. АрщхьэкІэ къикІалакъым. Щымыхъум, сыт ищІэнт, къиргъэзэжащ.

Мыбы къыщыщІам сэ хэслъэгъуащ зи блэкІар зыщІэну хуэмей, абы пщІэ хуэзымыщІхэм дерс зыхахылхъэ гупсысэ хьэлэмэт: уздэкІуэм уегупсысурэ, зыщІэкІар зыщыбгъэгъупщамэ, укъэсхыжауэ ящІ.

* * *

Губжьымрэ гушыІэмрэ. Сыту зэпэІэщІэ, зэпэжьжьэІуэ-тІэ а тІур! Зэтеплъи хъуркым - хьэрэ джэдурэщ, зэрыжаІэщи. Губжьыр кІоль, гушыІэр щимыгъэІэну, щІым иритхужьыну. Мыдрейр мэгушІэ, абыкІэ губжьыр щхьэщихуну.

Си хъуреягъкІэ

Ди лъэпкъ литературэм и мащІэкъым ауан, гушыІэ рассказхэр, миниатюрэхэр, усэхэр. Нобэ фи пащхьэ идольхъэ Хьэх Сэфарбий и гушыІэхэм ящыщ.

Си хъуреягъкІэ

Лэжьэгъуэ махуэр зэтхъуэкІри, си лэжьэгъу

Шэрхъ зыщІэт хьэщІэщ

● Зыгъэпсэхугъуэ-2024

«Жемчужина Кавказа» - аращ зэреджэр Москва къикІыу Кавказ Ищхъэрэм къакІуэ мафІэгу зэгъэпэщам. Жэщибл-махуиблым къриубыдэу «шэрхъ зыщІэт хьэщІэщым» уису Урысейм и къалэ зэмылІэужьыгъуэхэм зыщыбгъэпсэхуну, зыщупльъхыну, нэхъыщхьэрэщи, Кавказыр зэбгъэцІыхуну Іэмал уиІэнущ. Мы гъэм ар къежьэнущ мэлыжьыхьым и1и жапуэгъуэ пщІондэ туристхэр тхьэмахуэ зырызкІэ къришІэкІынущ.

«ЖЕМЧУЖИНА Кавказа» мафІэгу-хьэщІэщым и гъэгъум хэтщ Кьэбэрдей-Балъкъэрэм Ардыгейр. Ар Москвэ къыщыжьэри, Тэн Іуфэ Іус Ростов, Мейкъуэпэ, Владикавказ, Грознэ, Дербент, Налшык, кІыззэкІухьри, РостовкІэ Москва егъэзэж. Зыплъыхьыныр къыщыщІэбдзэ хуэнущ Ростов укъыщыпІыскъэу.

Сыт Кавказыр зищІысыр? Ар псом япэрауэ, абы и Іыхьэхэрщ, и щІыуэпс гуакІуэрщ. Ар уигуми уи псэми зыщІэгъэпсэху щІыпІэщ, къахьыкъэ ижь-ижьыж лъандэрэ къадекІуэжі хабзэжьхэмкІэ ягъэхьэщІэу. А мафІэгум уисыхэ нэгум къыщидзэ дахагъэр сыт и уаса?! Жэщибл-махуиблкІэ зыгъэпсэхуакІуэхэм яльагъу тафэ удзыпщІэхэр, уэсыщхьэ бгыхэр, псыкъелъэ уэрхэр, хуей удзыфэхэр, кавказ къуакІэхэр, нэгъэущІ куэди. Кавказым щымпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ хабзэмрэ зы тхьэмахуэм къриубыдэу зэрагъэцІыху, гурыфІыгъуэрэ дзрэжэгъуэрэ къахэзыІтьхэ къаду къэнэмылъагъукІэ загъэнщІ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщыззтеувыІэмэ, хьэщІэхэм ягъагъэнущ Европэм щІынэхъ лъагэ дыдэ бгыр - Іуащхьэмахуэ. ЗыплъыхьакІуэхэр Азау станцыиш яІэ, Гара-Баши нэс кІапсэ гъуэгукІэ драшей, ди бгыхэм я дахагъэр зрагъэльагъу, адыгэ, балъкъэр шхэныгъуэхэр зыІуагъахуэ. Бгым къикІыжа нэужь, Черныя Речкэ дзт «Шато-Эркен» уардзуэнэм Іуашэ, абы и Іэгуэлблагъэм зыщІагъэплъыхьащ. Мы проектым хиубыдэу зы иІэсым къриубыдэу цІыху 200-м щІигъу къокІуэ ди республикэм.

МафІэгур жэщым гъуэгу тетщ, махуэм зи гугъу тщІа къалэхэм къыщоувыІэ. ЗыгъэпсэхуакІуэхэр пщэдджыжьым мафІэгум къикІыуэ, хэгъэгухэм я щІынІэ нэхъ дахэхэм жэщ хъуху зыщагъэпплъыхь.

ХьэщІэхэм пщэдджыжьыщхэ ираГъэщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, адыгей программэм хагъэхьащ щІынальэм и тхыдэм, хабзэм, лъэпкъ щхьныгъуэхэм щІыгъуазэ хуэузыщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, адыгей программэм хагъэхьащ щІынальэм и тхыдэм, хабзэм, лъэпкъ щхьныгъуэхэм щІыгъуазэ хуэузыщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

ХьэщІэхэм пщэдджыжьыщхэ ираГъэщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, адыгей программэм хагъэхьащ щІынальэм и тхыдэм, хабзэм, лъэпкъ щхьныгъуэхэм щІыгъуазэ хуэузыщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

ХьэщІэхэм пщэдджыжьыщхэ ираГъэщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, адыгей программэм хагъэхьащ щІынальэм и тхыдэм, хабзэм, лъэпкъ щхьныгъуэхэм щІыгъуазэ хуэузыщІ. ИтІанэ автобускІэ къраушэкІ.

ХьэщІэхэм Лагъэгъуэрэ Хьэщ1эхэм Лагъэгъуэрэ-Накъэрэ бгыщхьэ тафэр ирагъэльагъу, бгылъэ пщэфІапІэм фо, къъуей щрагъэшх, узыншагъэм дежкІэ сэбэп удэхэм къыщІэвыкІа шей щрагъафэ, Руфабгъуэ псыкъелъэхэм яшэ, «Акватермо», «Водная ривьера», «Псы-гупс» псы хущхъуэ къыщІэжьыпІэхэр ирагъэльагъу.

Мейкъуэпэ пщыхьэщхьэм кърашэлІэжри, адыгэ ерыскъыхэмкІэ рестораным щагъашхэ, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм къафэ, уэрэдхэр хьэщІэхэм я пащхьэ щагъэззэщІэ. ИтІанэ, дыщэкІ цІэрыІуэ Еутых Іэсиит и Дышэ уардзуэнэм яшэри, абы и Іэдакъэщ1кІхэм ирагъэплъ, илъэс мини 5 лъандэрэ адыгэм къыдэгъуэгурыкІуэ щэнхабзэм, Іэпщ1ельапщІагъэм щагъэгъуазэ.

Владикавказ къыщыувыІэ нэужь, зыплъыхьакІуэхэр ягъэщІыкІэ Геналдон хуейм яшэ, абы щыкІуэкІэ артист, режиссёр щІэрыІуэ Бодров Сергейрэ и гупымрэ щІихэкІуэда щІыпІэр ирагъэльагъу, Гезельдон хуейм Фараонхэм я осетин аузым дашэ, итІанэ «Башня Курта и Тага» археологие комплексым макІуэ, шэджагъуаншэр бгыщхьэм щащІ.

А зы махуэм къриубыдэу хьэщІэхэм ятьагъу Куртатин ауэр, Кадаргаван каньонр, Дзивгис быдапІэр, Цимити бгылъэ къуажэ щІыкІым дзт музейр. Владикавказ къагъэзэжа нэужь, «алан пшьхьэ» шІфІаща пщыхьэщхьэр, шхыныкрэ къафэ-джэгумрэ щыкуэду, ирагъэкІуэкІ.

Грознэм къыщикІаХэм «Грозный-Сити» унэ зэхэтым зыщапльыхь, «Шэшэным игу» мэжджытыр, къалэм и нэгъуэщІ щІыпІэ дахэхэр зрагъэльагъу, шэджагъуэ нэужьым бгылъэ нэгуэгъэсу жьыпІэхэм яшэ: Нихалой псыкъелъэхэр, Ушкалой быдапІэхэр, Пхакоч лъэпкъ комплексыр. «Ведучи» бгы-лыжэ зыгъэпсэхупІэм шэджагъуашхэ щащІ. Грознэм дэт рестораным пщыхьэщхьэхэр щащІ, къэкІуэр жэщым дахэу зэрызэщІэблэр, псыутх иныр ирагъэльагъури, адэкІэ гъуэгу тохьэж.

ЗыгъэпсэхуакІуэ Кавказым къежьахэр «щопсых» Дербент, а къалэжьыр, Нарын-Кала хуэдэ щІыпІэ цІэрыІуэхэр ирагъэльагъу.

МахуэщІэ къэс къалэщІэ укъыщикІыу укъэзышэкІ мафІэгу-хьэщІэщым тыншу упсэун папщІэ узыхуей псори хэтщ. Вагонхэр я фІагъ ельІатауэ зэщхьэщхьІри, узыхуейр къыхыбох, уеблэмэ уи закъуэу узыщІэльэ пщІи1эщ, езым и зыгъэпскІыпІи хэтыжу. Абы къищынэмыщІауэ, мафІэгум хэтщ вагон-ресторан, вагонбар, вагон-зыгъэпскІыпІэ.

Уэхуейр тІысыпІи елъытагъуэ уасэхэри зощхьэщхьІ. Билетым хохьэ гъущІ гъэгупщІэр, экскурсие узышэ транспортым и уасэр, зыплъыхьапІэхэм щІат пщІэр, мафІэгум щыпщІ пщэдджыжьыщхэмрэ къалэм щэджагъуэм уэрыщышхэмрэ ятехуэу уасэр.

Урысейм и Илщэ, Ищхъэрэ щІынальэхэм я дахагъымрэ щыпсэу лъэпкъхэм я хьэщІэ егъэблэгъэкІэм и беягъымрэ къриплэну, уи хэку уи нэгу зыщІебгъэжьыну Іэмал гъуэзэджащ «Урысейм и Гъущ Іуэгурэм» къызэригъэпсэща зекІуэ телъыджэр. Тыншу икІи гъэщІэгъэуэн куэдкІэ ещІэ зыгъэпсэхугъуэ махуиблыр цІыхум и гъащІэм нэхъ дахэ дыдэу хэта махуэхэм ящыщу къызэрыхэнэм шэч хэлъкъым. Урысейм и лъэпкъхэмрэ ахэр щыпсэу хэгъэгухэмрэ зэбгъэцІыхуныкмкІэ Іэмал гъуэзэджащ ар.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Лъэпкъ тхыпхъэхэр хаухуанэ

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и «Горец» къэфакІуэ ансамблым и художественнэ унафэщІ, дизайнер Хьэгъэжей Елдар адыгэ тхыпхъэхэр зыхиухуэна и фэильхьэгъуэхэр Ставрополь щигъэхьэзырри, Москва щигъэльэгъуащ.

ЛЪЭПКЪ тхыпхъэхэр кІыхьитеу щыгъынхэм ижьырей зэманым щІалэгъуалэм я деж зІуэпщІэшхэу щиІэ хъуащ. Дэрбэзрэхэм я Іэдакъэщ1экІ лъэпкъ фэильхьэгъуэхэмкІэ, Іэпщ1эльапщІэхэм я Іэрыкі1эмкІэ лъапІэныгъэхэм хуэмурэ яІа пщІэр яГуэтэж зэрыхъуар узыгъэгъэфІэщ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и ректор Беспалов Дмитрий жиІащ дизайнер ныбжьыщІэхэм ящІ фэильхьэгъуэхэм щІэупщІэ зэраІэр, гуфІэгъуэ, щэнхабзэ зэхьихьэхэм, хьэгъуэлІыгъуэхэм, ящыныкъуэхэм къыззрыгъуэкІ махуэхэм ахэр зэрыщатІагъэр. Абы щІигъажащ я университетым и дизайнерхэм я лэжьыгъэхэр щІыналъэм и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ хуэхъуу кІыззрилъытэр.

КІыжьыІапхъэщ, «Урысей» лъэпкъхэм зэдай гъэльэгъуэныгъэм хьихьэу, ВДНХ-м Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым и тхьэмахуэр иджыблагъэ щыщкІэжкІам, павильон №75-м Хьэгъэжей Елдар зэрыщигъэльэгъуар «Хаса» зыфІища брендыр. Абы кърихьэлІахэм я нэгу зрагъэужьащ Хьэгъэжей Елдар зи художественнэ унафэщІ «Горец» къэфакІуэ ансамблым и артистхэм. «ВДНХ-м и университет тхьэмахуэр ІэмалыфІт я творческэ, щэнхабзэ, щІэныгъэ екъулІэныгъэхэмрэ зэфІэкІхэмрэ къагъэльэгъэныкмкІэ.

Абы къыдэкІуэу, лъэпкъ псалъэжьхэмрэ жыІэгъэзэкмрэ зытет футболкэхэр бзэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ, кавказ лъэпкъ тхыпхъэхэр зытет джинс фэильхьэгъуэхэр ягъэхьэзыращ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ университетым креатив индустриехэмкІэ школ нэхъыщхьэм и студентхэм. КъыхэгъэщІапхъэщ, а фэильхьэгъуэхэр ящыгъынхэм къызэрыхащІыкІар. Креатив индустриехэмкІэ школ нэхъыщхьэм и унафэщІ Садыковэ Алёнэ жиІащ джинсым къыхэщІыкІа апхуэдэ щыгъынхэм щІэупщІэ зэраІэр.

БЖЬЫХЬЭЛІ Роз э.

Урысейм и командэ къыхэхам хагъэхьахэр

Урысейм тхэквондомкІэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хьихьэ лІэужьыгъуэмкІэ) пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтІа зэхьэзэхуэу Рязань къалэм иджыблагъэ щекІуэкІам хэта Кьэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм дагъэгуфІащ. Абыхэм ахуэзфІэкІащ дыщэ медалу тІу, дыжьынрэ домбеякъуэу зырыз зэІущІэ гуащІэхэм къыхахьи.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, ди лІыкІуэхэр, щхьэж къыпльысу, тхуэрытхуэ-хырыхэ утыкум къихьащ. Сыту жьыпІэмэ, зэхьэзэхуэм кърихьэлІат къэралым и щІынальэхэм ящыщу 59-м я спортсмену, щІалэхэри хьыджбзхэри зэхэту, 900-м нэблагъэ, я ныбжьКІэ илъэс 12 - 14 хьуэху.

Ящ дыщэ медалыр командэм къыхуэзыхьар километрым 44-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж зыкъыщІэзыгъэльагъуэ Пщыхьащ1э Эстеллэщ. ЕтІуанэу ящ уеблэмэ и теуваІэм дэкІуеящ Щоджэн Басир. Ар щызэуар километрым 41-рэ хьуэхр зыхэт гупырщ.

Зэхьэзэхуэхэм я ящ махуэм Самедовэ Алинэ дыжьын медалыр командэм къыхуихьащ километрым 41-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж. Пафыф Эвелинэ ещанэ хьуащ километрым 59-м щызауэхэр зыхэт гупым.

Иджы екІуэкІа зэхьэзэхуэм къыщыхэжанакІэхэр хэхуащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам икІи абы хэту къэралым и щІыхьэр щахъумэнущ мы гъэм екІуэкІыну дунейпсо зэхьэзэхуэхэм.

Ди командэм и тренерхэр Унэжокъуэ Абдельджэбаррэ Хан Станиславрэщ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

ЗэфІэкІым гугъэр йобэкІ

«Спартак-Налшык» - «Динамо Ставрополь»: 2:2 (1:1). Налшык, «Спартак» стадионым. Гъатхэпэм и 30-м. Щ1ыхь 208-рэ елъэщ.

«Спартак-Налшык»: Каркаев, Къардэн, Березов, Молэмуз (Лелюкаев, 85), КІэдыкІуей, Масленников, Жангуразов (Блий, 85), ХьэщІыкІу (Селяев, 74), Хьэшыр, Тобоев, ЛІуп.

«Динамо Ставрополь» (Ставрополь): Матюшэ, Кокоев, Ярцев, Телепов, Болгов, Балъкъыз, Дэхъу (Дыщэкі, 77), Кодзасов (Дряев, 62), Мэшыкъуэ, Абдулхамидов (Василенкэ, 88), Степанович.

Судьяхэр: Гарафутдинов, Валов, Вакин (псори Мэзкуу щыщщ).

Толхэр дагъэкІащ: Абдулхамидовым, 22 - (1:0), Березовым, 45 (1:1), ЛІупым, 61 (2:1), Дэхъум, 64 (2:2).

Дагъуэ хуащІащ: Степановичым, Болговым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и я гупым хэт командэхэм ирагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэм и етІуанэ джэгуГъуэм ипкъ иткІэ, гъатхэпэм и 30-м «Спартак-Налшыкм» и деж къыщригъэблагъащ Ставрополь къалэм и «Динамо»-р. ФызэрэщыщІыгъаззщи, гъатхэпэм и 22-м Мэзкуу областым къыщыхъуа гуаузшхуэм къыхэжкІыу, яп зэІущІэхэр нэгъэущІ мазуэхэм ягъэІэпэхуауэ щытащ. Абы щыгъуэ налшыкдзэсхэр «Кубань-Холдинг»-м и деж щыджэгун хуёващ.

Мыдрейуэ, нобэ къедгъэблэгъа командэмрэ ди «Спартак»-кІэ 2021 гъэм щегъэжьауэ пщІэнёйрэ зэхуэзэати, абы щыщу плІэм датекІуащ, щэм къыттекІуащ, щэм зэрытемыгъэкІуауэ зэІущІэхэр ирухащ. Ар фигу къыщІэзгъэкІыжар, Ставрополым и командэр сыт щыгъуи ерыщу къыззрыптэщІэтыр икІи тыншу зэи текІуэныгъэхэр кІаззрыфІэдмыхьар, ар командэ лъэщу зэрыщытыр кІэзгъэльэгъуэн папщІэщ. Уеблэмэ зэ закъуэщ зэІущІэм и бжыгъэр топитКІэ нэхъыбэу дащхьэщыкІауэ даззрытекІуэфар. Ари къыщыхъуар 2023 гъэщ - фокІадэм и 10-м ди деж къэкІуауэ 2:0-у хэдгъэщІауэ щытащ.

Иджырей зэІущІэри ятпэрейхэм къаззрыщхьэщыкІа щыІэкъым. Ятпэ дакъикъм къыщыщІэдзауэ икІэм нэсыху, зэрыжаІэу, джэгум къыдэсыщІыгъуу, зэныкъуэкъумрэ зэбгынэмрэ толджэгу губгъуэм щымэщІакъым. Абы нэмыщІ, хьэщІэхэм я тренер нэхъыщхьэр адыгэ щІалэ Шакъ Ашэмэзэ зэрыщытымрэ нобэ губгъуэм адыгэ щІалиплІ - Балъкъыжьыр, Дэхъур, Мэшыкъуэр, Дышэкъыр - абы къызэрыригъэхьэмрэ къэпльытэмэ, зэІущІэр нэхъ гъэщІегъуэныж зэрыхъунум шэч кІытедмыхьэми хъунут, икІи дыкъэпщІакъым...

Зэ1ущІэм и ятпэ дакъикъэ щыщІыгъуэм «Спартак-Налшыкым» и толджэгуэр нэхъ жьыджэращ икІи ди къэрхэуэрэгъуэм и гъуэр къызэращтэн Іэмал зыбжанэ къызэрагъэпэщащ. Ауэ, зэм топыр гъуэм и бгыкъуэм щхьэпрыльэтащ, зэм штангэм техуащ, зэми ставрополдзэхэм я гъуащхьэхъуэмэ Телепов Артём щхьэмыгъаззу топым зыпэщІидзащ. Ди щІалэхэм я джэгукІэмкІэ гугъэ дагъэщІырт дэ ятпэ драгъэщІну, ауэ Іэхъур дызэримыгугъауэ къыщІидзащ.

16-нэ дакъикъэм «Динамо»-м и щІалэхэм ящыщ зым лъагэу къыхута топыр Къардэн Атмир зыІэщІигъэкІащ икІи нэпІэзэпІэм ди гъуащхьэтыем и пащхьэм Абдулхамидов Мэхъач и закъуэу къыщыхутащ. Адэкі экъэнэжыр топыр Іэкі1эпльэкІуэкъэзгъэсэбэныныр ти - ар екІуу игъэззщІащ. Апхуэдэ щІыкІэкІи, хьэщІэхэр ди ятпэ ищащ.

Іэхъум и къекІуэкІыкІэм налшыкдзэсхэр арэзы къимышІу, Ставрополым и командэм и гъуэм ебгъэрыкІуэн щІадзащ икІи 34-нэ дакъикъэм Хьэшыр Алан хуэзфІэкІат бжыгъэр зэхуэдэ ищІыжму, ауэ судьяхэм ар хабжакъым, ди щІалэр абы щыгъуэ офсайдым итауэ къалъытэри.

ИтІанэми налшыкдзэсхэр абыкІэ къэувыІакъым, зэІущІэм и ятпэ Іыхьэм хухаха зэманыр иухыным секунд бжыгъэ фІэкІа къэмынэжауэ Березов Давид дахэкІейуэ хьэщІэхэм я гъуэм топыр дигъэкІащ. Джэгуп1э губгъуэм зэхьэщІэхэм я гъэныкъуэм хуэзэ и къуэпэм деж щыту Жангуразов Расул ЪыгъэУ къыхита топыр псоми яІэщІэкІри, Березовым деж нэсащ, езыр щІалэр штрафнойм фІыуэ пэжьыжьэу. АтІэми, топыр бгъэзэкІэ абы къыгъэувыІэри, иужькІэ ар щІым нимыгъэзу лъэщу гъуэм хуэзащІэу. Зыми загъэхьеину хунэсакъым. Абдежым къэнэжьар зыт: топыр гъуэм зэрыкІуэм укІэлъыплъыну арати - псоми ар къайхъулІащ.

Си гугъэмкІэ, сыщыуэсми сщІэркъым, ауэ ди командэр зыхэт гупым мы махуэхэм ирагъэкІуэкІа зэІущІэхэм щыдахуа топхэм, псори къапщтэмэ, абы нэхърэ нэхъ дахэ яхэтыну фІэщущІыгъуейщ.

Зэ1ущІэм и етІуанэ Іыхьэм зэрыщІидзэжу командитІым ирагъэкІауэ ерыщу зым адрейр ебгъэрыкІуэн икІи зэман куэд дамыгъэкІыну, налшыкдзэсхэр яп ищащ. Штрафнойуэ къыхата топыр ЛІуп Ислъам «Динамо»-м я гъуэм щъхэкІэ дигъэкІащ. Мыбдежи, хьэщІэхэм я гъуащхьэхъуэмэм и гугъаКъым зыгъэр лъэІэсыфІну икІи, абы щигъаурэ, зимыгъэхъейуэ еплъу щытащ ди щІалэм лъагэу зиІэту, гъуэм щхьэкІэ зэреуам.

Налшыкдзэсхэм ягугъагъэнщ абыкІэ Іэхъур зэфІэкІауэ, хьэщІэхэми тыншу затіну. Хэтиухэт, ауэ Дэхъу Ислъам абыкІэ арэзыгъэкъым. Ставрополдзэсхэм штрафнойм къыщата топыр абы зэрыІэрыхьэу зимыІэжауэ ди гъуэм занщІэу къеуащ, икІи бжыгъэр зэхуэдэ иригъэкъужащ. Къыхэдгъэщынщи, Дэхъур и топым щыгуфІыкІакъым икІи дызэрейр игъэлъагъуащ. Афэрым!

Адэкі экъэнэжа зэманым командитІми яхуэзэфІэкІа щыІэжкъым, ищхьэІуКІэ зэрыжьсІащи, зэныкъуэкъур нэхъыбащ, ауэ, итІанэми, зэІущІэр екІуэкІыху, судьям футболистхэм тІэу къудейщ дагъуэ зэрахуищІар, ахэри хьэщІэхэм...

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и я гупым хэт командэхэм мы махуэхэм ирагъэкІуэкІа адрей зэІущІэхэр мыпхуэдэ бжыгъэкІэм и ихуащ: **«Дружба» - «Ростов-2» - 2:1, «Алания-2» «Форте» - 3:5, «Астрахань» - «Нарт» - 3:0, «Биолог-Новокубанск» - «Победа» - 2:2, «Рубин» - «Строитель» - 3:0, «Легион» - «Кубань-Холдинг» - 2:1. «Ангушт»-м, «Динамо-2» (Мэхьчкъалэ), «Севастополь»-м** иджырей джэгуГъуэр благъэкІащ.

КІыкІэлъыкІуэ зэІущІэр мэлыжьыхьым и 6-м «Спартак-Налшыкым» щригъэкІэжьынущ Хасавюрт и «Победа»-м и губгъуэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Жыпхъэщ1эхэм тету

● Узыншагъэ

Іэхъущ1апІэм и медицинэ Іэщ1агъэлІхэми абы къекІуалІэхэми я тыншыпІэм хуэщІауэ илъэсит1 хъуауэ мэлажьэ Налшык къалэ Головком и цІэр зезыхь и уэрамым тет Сабий поликлиникэр. Ар сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжащ «Ушынщагъэр хьумэн» лъэпкъ проектым хьихь, цІыхухэм яп медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр щрат Іэхъущ1апІэхэр къэгъэщІэрэщІэжьын программэмкІэ.

ХЭЩІАПІЭ нэхъыщхьэм метр зэбгъуэнатІэу 1600-рэ хъууэ къатищу зэтет унэ къыпащІыхьащ, абы иджы щІэсщ участкэ ведиатрэр, унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ Іэщ1агъэлІхэр, апхуэдэуи абы пІащІэгъэкІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щрат къудамэр, ЛФК пэшыр.

Поликлиникэм цІыху мин 63-рэ епхащ, махуэ лэжьэгъуэм абы щепльыкІыфынущ сабий 500-м, къыщынэмыщІауэ ИкІи и1эщ Іуэныпі14 14 щІэту сымаджэхэм махуэкІэ щеІэзэ къудамэ.

КъаГэщІэрэщІэжар Іэхъущ1апІэм и теплъэм и закъуэкъым, атІэ программэм и фІыгъэкІэ медицинэ Іэхъутхъэбзэхэр зэрыхуащІэми зэхъэкІынигъэхэр игъуэтащ. Поликлиникэр мэлажьэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэхэр къызэгъэпэщыныкмкІэ жьипхъэщІэхэм тету, чэзум ущежьэ щІыпІэр тыншыпІэм хуэщІауэ зыззгъэпэщащ, гъуэгуГъэльагъуэхэр фІадзащ, электрон Іэмалыр къэбгъэсэбэпу дохутыным и деж зебгъэтхьфынущ, узыфІэ зэрыщІаІэ зыпкърыту гурыщхъэу зыхуащІ сымаджэхэм папщІэ фильтр-боксу 2 иІэ хъуащ. Апхуэдэу Іэхъущ1апІэм къегъэбыдыл1а щІынальэрэ зэІуэзэпэщ ящІащ.

Лъэпкъ проектым хьихьэу поликлиникэм папщІэ къащэхуащ фІагъ лъагэ зиІэ диагностикэ Іэмэпсымэрэ пІащІэгъэкІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэхэм я деж унэм зэрыкІуэн санитар автотранспортрэ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр пщэдей къыдэкІынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іэухухэмкі - 42-22-86; я1ажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ Іэнатіэхэм ядэлажьэныкмкІэ - 42-60-53; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэзагъэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІынальэ Іэухуащ1апІэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КЪР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.553
Заказыр №651

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іэухуэгъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм хэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэу зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*. *Компьютеркі эгазетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.